ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№20 (23.678) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 10, щэбэт ● И уасэр зы тумэнщ

Абдулаев М. К. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Ветеранхэм защІэгъэкъэнымрэ щІалэгъуалэм хэкур фІыуэ ялъаГъуу гъэсэнымрэ яхуэгъэзэ жылагъуэ лэжьыгъэм жьдэжру зэрыхэтым къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Абдулаев Мустафа Камал и къуэм** - зауэм, лжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіэуэзда Къарухэм, хабзэхъуэм органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мазаем и 9-м
№10-УГ

Абдулаев Мустафа Камал и къуэр КъБАО-м щыщ Гундэлэн къуажэм 1933 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м къыщалъхуащ.

Гомель къалэм дэта радиотехническэ училищэр, Хьэуа зыхъумэжьныгъэмкІэ дзэ академиер кьиухащ.

1974 - 1975 гъэхэм СССР-м хьэуа зыхъумэжьныгъэмкІэ и дзэхэм ящыІэ къупкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щиІыгъащ.

2004 гъэм лъандэрэ зауэм, лжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіэуэзда Къарухэм, хабзэхъуэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ советым и тхьэмадэщ. Налшык къалэм щІыхь зиІэ и цІыхущ.

Вагъуэ Пльыжь, «СССР-м Іэщэкіэ Зэщіэуэзда и къарухэм хэту Хэкум къупкъуэ зэрыхуищІам папщІэ» орденхэр, «СССР-м Іэщэкіэ Зэщіэуэзда и Къарухэм дагъэкІыжу къупкъуэ зэрыщищІам папщІэ медалым и нагъыщэ псори, КЪР-м и ЩІыхь тхылъыр, КЪР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр кьраташ.

Къардэн Хь.Е. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Музыкэ гъуэзджэм зегъэужьыным куэд зэрыхищІыхьам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Къардэн Хьэсэн Екъуб и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мазаем и 9-м
№11-УГ

Къардэн Хьэсэн Екъуб и къуэр 1923 гъэм мазаем и 23-м КъБАССР-м щыщ Шэджэм Еэанэ къуажэм къыщалъхуащ.

Ленинград дэт консерваторэм и адыгэ студием 1954 гъэм къиухащ. 1954 - 1957 гъэхэм КъБАСР-м ЦІыхубэ творчествэмкІэ и унэм (Налшык къалэ) щылажьащ. Композиторхэм я япэ урысейпсо съездым (1960 гъэ) и делегату щытащ.

1967 - 1971 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и хорым и художественнэ унафэщІщ. 1962 гъэм щегъэжьауэ 1968 гъэм нэсыху КъБАССР-м и Композиторхэм я союзым и тхьэмадэу, жэуап зыхь секретару, консультантэ лажьащ.

Къардэн Хьэсэн «Мадинэ» апэ оперэр (1970 гъэ, Балэ Мухъэдин щІыбгъуу), «ПІэгъэныгъэм и уасэр» балетыр, «Мыщэм и къуэ Батыр» музыкальнэ таурыхъыр, «Мэз хьыбар» мюзиклыр итхащ. Композиторым и Іэдакъэ къыщІэкІащ кантатэхэр, ораториехэр, сюитэхэр, оркестрымрэ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ папщІэ концертхэр, симфоническэ поэмэхэр, музыкальнэ пьесэхэр, спектакълэм папщІэ музыкэ, уэрэдхэр.

Къардэн Хьэсэн Екъуб и къуэрщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гимныр зытхар.

Ар РСФСР-м и цІыхубэ артистщ, РСФСР-м гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэщ, КъБАССР-м гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэщ, КъБАССР-м и Къэрал саугъэтыр кьратащ

Хьэжу В.Щ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм куэд зэрыхищІыхьам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Хьэжу Владимир Щамил и къуэр** - «Тэрч алмаз Іэмэпсымэ завод» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщІэм я советым и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мазаем и 9-м
№12-УГ

Хьэжу Владимир Щамил и къуэр 1938 гъэм мазаем и 10-м Тэрч къалэм кьащалъхуащ.

Москва мэкъумэш хозяйствэр механизацэ, электрификацэ щІыныкІэ дэт институтыр 1959 гъэм кьиухащ. 1959 - 1960 гъэхэм Прохладнэ ремонт заводым мастер нэхъыжьу щылажьащ.

1960 - 1971 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр алмаз Іэмэпсымэ заводым (Тэрч къалэ) и инженер-конструктор нэхъыжьу, техникэ къудамэм и унафэщІу, инженер нэхъыщхьэу щытащ. 1971 гъэм щегъэжьауэ 1997 гъэм нэсыху предприятэм и генеральнэ директору лажьащ.

1997 гъэм и мазаем щегъэжьауэ 1998 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм нэсыху КъБАССР-м промышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымкІэ и министру щытащ.

1998 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм лъандэрэ «Тэрчалмаз» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщІэм я советым и тхьэмадэщ.

Урысейм и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я щІыналъэ къудамэм и президентщ, КЪБР-м и Іэтащхьэм деж инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іэхъумкіэ щыІэ советым хэту, Тэрч районым щІыпІэ унафэр зегъэжІуэныкІэ и советым и тхьэмадэщ. Гуащіэдэкі Бэракъ Пльыжь ордену тІу, «Лъэпкъым я зныбжьэгъугъэ» орденыр, «Псэемыблэжу зэрылэжьам папщІэ» медалыр кьратащ. УФ-м щІыхь зиІэ и машинэ ухуакІуэщ, СССР-м щІэныгъэмрэ техникэмкІэ и Къэрал саугъэтыр кьратащ. Тэрч къалэм щІыхь зиІэ и цІыхущ.

КІуэкІуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэлІхэм я махуэшхуэмкІэ йохъуэхъу

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэм и лъэныкъуэкІэ зэфІэкІ иІэщ. Ди Іэщіагъэлэрэм я зэфІэкІыр дэни кьыщалъытэ, ахэр жьыджру хэтщ щІынальэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа зи чэзу Іуэхуэхэр дэгъэкІыным», - щыжеІэ КЪР-м и Іэтащхьэм Инстаграмым ирилъхьа хъуэхъум.

КІуэкІуэ Юрий республикэм и щІэныгъэлІхэм псэемыблэжу зэрылажьэм, зыбгъэдэт Іэнатіэм зэрыхуэпэжьым папщІэ фІыщІэ яхуищІащ икІи ехъулІэныгъэ, ефІэкІуэныгъэ, текІуэныгъэщІэхэр яІэну ехъэхъуащ.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

2018 гъэм гъатхэпэм и 18-р
Урысейм и Президентыр щыхъах махуэщ

Урысей Федерацэм и президент хэхьыныгъэхэм республикэр зэрыхуэхьэзырым зыщагъэгъуэзэн мурадкІэ КЪР-м и Парламентым и депутатхэм иджыблагъэ зэІущІэ щрагъэкІуэкІащ КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм. ЗэІущІэм хэтащ КЪР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, абы и къуэдзэ Афэщіагъуэ Михаил, КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщі Джэш Вячеслав сымэ, нэгъуэщІхэри.

ДЖЭШ Вячеслав зэІущІэр къыщыхэзІуихым жиІащ гъатхэпэм и 18-м щІыхэкІэм Іэ щаІэтэну щыпІэу 354-рэ республикэм къыхэрыщІэзэрагъэпэщІащ, абыхэм екІуэлІахэм я дзыхь зрагъэзэхэр наІуэ зэхъэщІыну техникэхэр къыхэрагъэсэбэпыну. Хэхьныгъэхэр зэрекІуэкІым Интернет Іэмалкіэ цІыхухэр щыкІэлъыплъыфынуц щыпІэ 272-м. Хэсэпсэлъам къыхэрыхиГъэщамкІэ, мы зэманым КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм лэжьыгъэ щхьэхуэхэр къызэрегъэпэщ районхэм я щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр щыІыгъуу.

Егоровэ Татьянэ жиІащ хэхьныгъэхэм щІалэгъуалэм ящыщу екІуэлІэ хабзэр зэрымащІэр икІи щІэупщІащ абы и лъэныкъуэкІэ щытыкІэм зезыгъэхъуэжьну Іуэхуэхэм КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэр зэрелэжьым. Джэш Вячеслав къыхигъэщащ КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм и Іэщіагъэлэрэр еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэсхэм, КЪР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм зэрадалажьэр, дерсхэр зэрыдрагъэкІуэкІыр. «Уеблэмэ икъукІэ ди гуапэ хъуащ КЪР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм гъатхэпэм и 18-м екІуэкІыну хэхьныгъэхэм республикэр хэзгъэхьэзырыным езыхэми я лжьыгъэ халъхьэну яфІэфІу зыкъыззэрытхуагъэзар. КъищынэмыщІауэ, къыхэзгъэщыну сыхуейт КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм щылажьэхэм я процент 35-р щІалэгъуалэу зэрыщытыр», - жиІащ Джэшым.

Зи узыншагъэм сэкъат иІэхэр Іэ щаІэт щІыпІэхэм екІуэлІэфын папщІэ зэфІагъэкІхэм щытепсэльыхьым, Джэш Вячеслав къыхигъэщащ ныкъусаныгъэ мащІэхэр зэдэщыІа щІыпІэхэм район Іэтащхьэхэм ахэр мы зэманым зэрагъэзэкІуэжыр, нэгъуэщІ Іуэхуэкіэ лъэпощхьэпо зэрыщыкІыр.

Хэхьныгъэхэр щекІуэкІкІэ цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къыхэзрызэрагъэпэщыну щыкІэм къыщытеубыІэм, Джэшым жиІащ КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм а Іуэхум теухуауэ лажьыгъэ пыухыкІахэр КЪР-м щыІэ МВД-м зэрыдригъэкІуэкІыр.

«Псалъэм папщІэ, Іэ щаІэтыну щыпІэм щыщыхьэкІэ гъущІхэкІхэр, Іэщэ хуэдэхэр къэзыхутэ Іэмэпсымэхэм хуэдэу 90 къытІэрыхьащ. Кавказ Ищхъэрэм и щІынальэхэм ящыщу апхуэдэ Іэмэпсымэ нэхъыбэ зиІэр дэращ», - дыщІигъуащ абы.

КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм хъыбар псори зэкІуэлІэж и центрым и унафэщІ **Бещтокъуэ Мурат** депутатхэм яригъэлъэгъуащ хэхьныгъэхэр щекІуэкІкІэ кьагъэсэбэпыну техникэмрэ Іэлэтхэр къэзыбжьыж Іэмэпсымэмрэ зэрылажьэр.

Егоровэ Татьянэ жиІащ мыхьэнэ зиІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІыну къаззэрыпэщыпІыр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым хэхьныгъэхэр нэгъэсауэ къызэрыщыІэзрагъэпэщыр сыт щыгъуи нэрылъагъущ. Арщхьэкіэ псоми дыхэхъэзэырыр хуейщ. Дыщогугъ Урысей Федерацэм и къэкІуэнур зэлъытэ президент хэхьныгъэхэм замыру екІуэкІыну», - къыхигъэщащ Егоровэм.

ЗэІущІэм щаубзыхуащ КЪР-м и Хэхакіуэ комиссэм, республикэ унафэщІхэм, депутатхэм зэман гъунэгъум нэхъыщхьэу я нэІэ зытрагъэтыпхъэхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Джэш Вячеслав

● ЗэІущІэхэр

Іэ зэраІэтынум зыхуагъэхьэзыр

Мелиорацэм нэрылъагъуу зрагъэубгъу

ЗэщІыгъуу е унейуэ къаГъэсэбэп мелиоративнэ системэхэр ухуэным, ахэр къагъэщІэрэщІэжьным, иджыпей техникэкІэ къызэгъэпэщыным трагъэкІуэдэнущ сом мелуан 251,3-рэ. Абы теухуа зыхуэфащэ зэгурыІуэныгъэм Іэ ЦІадзащ КЪР-м и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ.

2018 гъэм республикэм псы зыщІагъэлъадэу щыІэ хьэсэхэр гектар миниихІэ нэхъыбэ хъунущ.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Урысей Федерацэм и Президентым и хэхьныгъэхэм хэтын папщІэ кандидату ятхахэмрэ зи кандидатхэр езыгъэтха политикэ партхэмрэ гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэу КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ 27 хэщІапІэм щыІэм 2018 гъэм мазаем и 14-м сыхьэти 10.00-м пхъэидзэ щекІуэкІынущ Урысей Федерацэм и Президентыр 2018 гъэм гъатхэпэм и 18-м хэхьным теухуа лжьыгъэм хиубыдэу кандидату ятхахэм, зи кандидатхэр езыгъэтха политикэ партхэм - пхъэидзэм хэтыну заявкэ зытахэм телерадиовещанэм и щІынальэ къэрал организацэхэм я каналхэм эфир зэманыр пщІэншэу ятегуэшэным теухуауэ.

Тырныауэ комбинатым и пыдзахуэхэр щызэтрихьа щІыпІэр гъэкъэбзэжьныр «Къэрал къабзэлъабзэ» къэрал проект хэхам хагъэхьэ

«Тырныауэ комбинат» акционер зэгухьэныгъэ зэІуэм и пыдзахуэхэр щызэтрихьа щІыпІэр гъэкъэбзэжьныкІэ лэжьыгъэхэр хагъэхьащ «2012 - 2020 гъэхэм Урысей Федерацэм дыкъэзэуухъуреихь дунейр щыхъумэныр» къэрал программэм хиубыдэ «Къэрал къабзэлъабзэ» проект пэрытым.

Экспертхэм къыхэралъытэмкІэ, кІэрыхубжьэрыхуэр щахъумэ щІыпІэм ит псыр хъыщхьэщыуэрэ ирилъэсхмэ, гуэзэвгъуэм хэхуэнущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм ящыщу цІыху мелуани 2,5-рэ щыпсэу щІынальэу километр зэбгъуэзнатІэ мин 35-м нэблагъэ. ХъумапІэм щызэтрихьа кІэрыхубжьэрыхуэр тонн мелуан 25-м химическэ пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэу 30 хэлъщ.

2015 гъэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий жиІауэ щытащ мы Іуэхум икъукІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи абы бгъэдыхьэпІэ гуэр къыхуэгъуэтын зэрыхуейр. Зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр 2017 гъэ лъандэрэ ирагъэкІуэкІ икІи абыхэм я япэ Іыхьэр зэфІагъэкІащ, етІуанэ Іыхьэр 2018 гъэм нагъэсыну я мурадщ.

Лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу сом мелуан 18-м щІигъу къыхуауэтыпщын папщІэ ята заявкэр Урысейм ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм кьищтащ.

КЪР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэ.

● Пхёнчхан-2018

Олимпиадэ хужьыр Кореем къыщызэІуах

Корее Ипщэм и Пхёнчхан къалэм дыгъуасэ гуфІэгъуэкІэ къыщызэІуахащ XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгуэр. Къэрал 92-м щыщ спортсмен 2925-рэ абы хэтщ.

МэзкУУ и зэманыр сыхьэт 14-м ирихьэлІэу Корее Ипщэ жьыжьэм и Пхёнчхан къалэр дуней псом я плъапІэ хъуащ - зауэ нэхъ гуащІэ дыдэхэр къыщыІэзэтрагъэувыІэу щыта олимпиадэхэм ящыщ зым щІидзащ. ИльэсиплІ енкІэ дунейм и спортсмен нэхъ лъэшхэр темыпыІэжу зыгъэплъа зэхъэзэхуэхэр щызэхуадЕлъу махуэр къэсащ. КъызэрымыкІуэу щыІэ пэтми, абыхэм я дэржэгъуэр инт.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Урысейм икІахэр мы Олимпиадэм щафІэмыфІыщэ хьэщІэхэу къыщыщІэкІащ икІи иужь сыхьэтхэм пщІондэ я Іуэхуэхэр нэсу зэхэкІакъым. ИкІэм-икІэжым псори нэхъ пасэу зытрахуауам къытрагъэнэжащ: Олимп джэгуэхэм я къызэгъэпэщакІуэ гупым Пхёнчхан иригъэблагъа ди къэралым и атлети 168-р (тренерхэр, дохутырхэр, дэІэпыкъуэгъуэхэр яхэту - 340-рэ) утыку кьихьэну хуитщ бэракъ хужьым щІэту. Абыхэм я ныпэхьэу щытынур ди спортсмен цІэрыІуэхэм ящыщ зыкъым (нэхъапэм зэрыщытауэ), атІэ волонтёрхэм къыхашащ. Урысейм икІа атлетхэм (аращ дыдейжэм официальнэу зэреджэнур) зыщыщ къэралыр ягъэльэгъуну, екъулІэныгъэ зыІэрагъэхьа иужькІэ я хэкум и гимныр кьрагъэуэну хуитыныгъэ яІэкъым. Апхуэдэ уасэ лъапІэ щІат допинг Іуэхум кьрикІуахэм.

ЦІыху мин 35-рэ зэрыхуэ стадионым кьрихьэлІат Дунейпсо Олимп Комитетым, къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэр, хьэщІэ лъапІэхэр. Ахэр кІэлъыплъащ таурыхъ пэлъытэу къызэрагъэпэща щэнхабзэ-нэгуэгъужь программэ удэзыхьэхым, едэІуащ къулыкъущІэхэм я къэпсэлъэныгъэхэм. КъыкІэлъыкІуэу, Пхёнчхан къэкІуа къэралхэм я спортсменхэр зэкІэлъхьэужьу утыку кьихьащ, я къэрал ныпхэм щІэту. Дауи, псоми япэ итыр мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ гуимыхужкэр дуней псом пасэ зэманым тыгъэ хуэзыщІа алыджхэрат.

Олимпиадэ хужьхэм япэ дыдэу хэтщ Малайзием, Сингапурым, Эквадорым, Эритреем, Косовэм, Нигерием икІахэр. ЕхъулІэныгъэшхуэхэм щымыгугъми, абыхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ инхэр.

Урысейм щыщ атлетхэр щыкІуэцІрыкІар тхущІрэ етхуанэущ. Австрием икІахэм яужькІэ ахэр утыку кьихьащ, адэкІэ кьакІэлъыкІуащ Узбекистаным и спортсменхэр. Кореем (Ипщэмрэ Ищхъэрэмрэ) я ЛыкІуэхэр, хэгъэрейхэм зарахабзэу, иужь дыдэт. Ахэр зы ныпым щІэту Олимпиадэр къыщызэІуахым хэтащ икІи ар узыщыгуфІыкІын Іуэхугъуэщ - лІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигъуауэ я къэралитІу зэхъуаудэ лъэпкъыр хуэмурэ зэроубыдыж.

Зэхьэзэхуэм хэтыну псори кІуэцІрыкІа иужькІэ, мамырыгъэм и тхьэрыкъуэхэр уэгум ирауТІыпщхьэри, Олимп мафІэр пагъэнащ икІи спортсменхэм тхьэ ирагъэІуащ пэжу икІи къабзэу зэхьэзэхуэну, зым адрейм пщІэ хуищІыну.

Фигу къэдгъэкІыжьнщи, ЩІымахуэ Олимп джэгуэхэр егъэкІуэкІын щыщІадзар 1924 гъэрщ. ЯпэщІыкІэ ар Гъэмахуэ Олимпиадэхэм къыпызыщІу щытащ. 1992 гъэ пщІондэ а тІури зы илъэсым кьрубыдэу ирагъэкІуэкІащ. ИужькІэщ, иджыпсту хуэдэу, илъэситКІэ щызэщхьэщагъэкІар.

Дунейпсо Олимп Комитетыр (МОК) къыщызэрагъэпэща 1894 гъэм къэрыжэкІэ къэжьхьэныкъкІэ спорт лІэужьыгъуэр программэм хагъэхьэну я мурадащ. Арщхьэкіэ къащтхьэулІар 1908 гъэрщ: лъэрыжэкІэ фигурнэ къэжьхьэныкъкІэ медаль комплектлІ ягъэуващ. Зэрыхуейуэ къэжьхьэныкъкІэ зэпеуэм щытекІуащ Панин-Коломенкин Николай.

Ильэс пщыкІутІ дэкІри, лъэрыжэкІэ фигурнэу къэжьхьэныкъкІэ зэхьэзэхуэм дэщыгъуу ЩІымахуэ Олимпиадэм хагъэхьащ шайбэкІэ щыджэгу хоккейр.

Франджым и Шамони щІыпІэм Дунейпсо Олимп Комитетым VIII Олимпиадэм и щІыхькІэ дунейпсо спорт тхьэмахуэ щрагъэкІуэкІащ. Ар апхуэдизу фІыуэ къэйхъыпІати, япэ ЩІымахуэ Олимп джэгуэр абы фІащащ. А зэманым щыщІэдзауэ Олимпиадэ хужь тІощІрэ тІурэ зэхэтащ. Дэтхэнэми я лІыхъужьхэр яІэжащ, ауэ фым я фІыжьхэри щыІащ. Апхуэдэхэщ ди хэкуэгъу Скобликовэ Лидиерэ скандинав биатлонист Бьёрндален Уле-Эйнаррэ. ЦІхьэхуэу уатепсэлъыхьыну абыхэм кьалэжь.

ЛъэрыжэкІэ къызэдэжэнымкІэ Олимп джэгуэхэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм хэнейрэ щытекІуа Скобликовэ Лидие къыпэхъун ди къэралым къыщыхъуакъым. 1960 гъэм къихьа дыщэ медалитым абы, илъэсиплІ дэкІри, дыщІигъуащ Инсбрук щыІа Олимпиадэм плІэнейрэ и чемпион зэрыщыхьуар.

Сочэ щекІуэкІа Олимпиадэм дыщэ медалитІ къыщихьащ Норвегием щыщ биатлонист щІэрыІуэ ильэс плІыщІ(І) зи ныбжь Бьёрндален Уле-Эйнар. ЩІымахуэ Олимп джэгуэхэм абы нэхъыбэрэ щытекІуа щыІэкъым. Бьёрндален псори зэхэту олимп медаль 13 (8-р дыщэу) иІэщ. 1998 гъэм щыщІэдзауэ абы къыпэлъэщын кьэгъуэтыгъуейщ. Солт-Лейк-Сити (2002 гъэ) щекІуэкІа Олимпиадэм биатлонымкІэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэ лІэужьыгъуэплІми Бьёрндален щытекІуащ. КъищынэмыщІауэ, ар 19-рэ дуней псом и чемпион хъущ. Мы гъэращ Бьёрндален Уле-Эйнар зэпеуэхэм къыщыхэкІар. Ильэс 44-рэ зи ныбжь биатлонист цІэрыІуэр ныкъуэкъуащ Пхёнчхан кІуэну, арщхьэкІэ нэхъ зи къаруилъыгъуэхэр япэ кьищати, лъэныкъуэ зригъэзыну и чэзу хъуауэ кьилъытащ.

АРАЩІ, XXIII ЩІымахуэ Олимп джэгуэхэм Кореем и Пхёнчхан щІыпІэм щыщІидзащ. Ирехъу ар мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ я кьежьапІэ!

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Жылагъуэ шынагъуэншагъэ къыззгъэпэщыным я нэІэ трагъэт

УФ-м и Президентыр хэхыным зыщыхуагъэхьэзыр, ар щекІуэкІ зэманым Іуащхьэмахуэ районым жылагъуэ шынагъэншагъэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ щытащ террорым пэщІэтынымкІэ муниципальнэ комиссэм и зи чэзу зэІуцІэр. Абы кърихьэлІащ Урысейм и МВД-м и Іуэхущ1апІэу Іуащхьэмахуэ районым щыІэм, ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и Тырныауз къала Іуэхущ1апІэм, Іуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм, Іуащхьэмахуэ щынальэ хэхакІуэ комиссэм, гъэуэгу управленэ, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и районыгъэ Іуащхьэ-пІэм, Іуащхьэмахуэ районым и дзэ комиссариатым, щІынальэр хуабэкІэ, псыкІэ, газкІэ, электрокъаруКІэ къыззэыгъэпэщ Іуэхущ1апІэхэм, район сымаджэщым, егъэджэныгъэмкІэ, щэнхабзэмкІэ, спортымкІэ управленэм я унафэщІхэр, жылагъуэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІУЦІЭР зыхэплъэ Іуэхум теухуауэ докладэр ящІащ Урысейм и МВД-м и Іуэхущ1апІэу Іуащхьэмахуэ районым щыІэм и полицэм и унафэщІ Сикичко Сергей, Іуащхьэмахуэ щІынальэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Джаппуев Даниил сымэ.

Комиссэм къищтащ профилактикэ лэжьыгъэр щІэгъэхуэзбжьэным хуэгъэза унафэ пыухыкІахэр. Псалъэм папщІэ, хэхыпІэ участкхэр зэрахьумэр, ахэр связым и ІэмэпсымэхэмкІэ къыззрызэгъэпэщар къэзыпэщытэну цІыхухэр яубыхуащ.

Терроризм пэщІэтынымкІэ комиссэр апхуэдизу хэпльащ хабзэм къемызэгъэІуэ Іэщ зэрызэбграхьащ пэщІэтынымкІэ 2017 гъэм зэфІагъэкІахэмрэ дызэрыт илъэсым абы и лъэныкъуэкІэ къэув къалэнхэмрэ. Апхуэдизу зэІуцІэм къыщащтащ 2018 гъэм террорым пэщІэтынымкІэ комиссэр зэрылэжьэну планыр, терроризмэм пыщІа хабзэншагъэхэр зэралажьам къыхэІыу ягъэтІысауэ щытахэм ядэлэжьэнымкІэ планыр. А Іуэхуэм тепсэлъыхьащ Іуащхьэмахуэ районым и щІынальэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Азубэч МуІзед, «Эльбрус-Транс» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгуэхьынгъэм и унафэщІ Темукуев Абдул-Хьэким, Урысейм и МВД-м и къудамэу Іуащхьэмахуэ районым щыІэм и полицэм и унафэщІым и къуэдзэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Жолаев Замир сымэ.

ТАРИМ Алисэ.

● Узыншагъэ

Дохутырхэм я Іэзагъэм хагъахъуэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм Медицинэмкіэ и клинико-диагностикэ центрым махуитІкІэ щекІуэкІащ дохутырхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ «Ранний пренатальный скрининг. Допплерография в акушерстве. Базовые основы эхокардиографии плода» фІэщыгъэр зиІэ курс. Ар къыззрагъэпэщащ Москва щыІэ ЩІэблэмкІэ медицинэ еджапІэмрэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэмрэ. Абы я Іэзагъэм щыхагъахъуащ УЗИ-диагностикэмкІэ Іэщ1агъэлІу, акушер-гинекологыгу 30-м щигъэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и медицинэ Іэхуущ1апІэхэм я Іэщ1агъэлІхэм папщІэ лекцэхэм кьеджащ ЩІэблэмкІэ медицинэ центрым и унафэщІ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Батаевэ Роззэ. ЗэІуущ1ам щытепсэлъыхьащ уэндэгъугъэр зэрекІуэкІым, ныбэм иль сабийм зэрызиужьым теухуа щхьэхуэныгъэ куэдым.

Республикэм уэндэгъугъэм, лъхугъэм епха и Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэныкІэ къызэрагъэпэщ щыІэ Іуэгъуэхэм яцІыц зыщ мы зэхъуэхьэр. 2018 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ фондым и мыльку кІэ ахъшэшхэу зытекІуадэ къэпщытэныгъэу мини 8 квотэм хигъэхьащ. Иджыри къэс уэндэгъугъэм и пэщІэдзэхэм деж ирагъэкІуэкІ кІэлъыплъныгъэхэр щрагъэкІуэкІыу щытар Медицинэмкіэ клинико-диагностикэ центрыращ. Мы гъэм пренатальнэ скринингымкІэ къудамэхэр къыщыззІуахыну я мурадщ Бахъсэн къалэ дэт район сымаджэщым, Перинатальнэ центрым, УнэтІныгъэ зыбжанэ зиІэ районхэм зэдай сымаджэщым. Іуэхущ1апІэхэм фІагъ ЛъагэзиІэ УЗИ аппаратхэр яІэщ, я Іэщ1агъэлІхэм я Іэзагъэм хагъахъуэ.

- Іуэхуэхэр псори хуэунэтІащ уэндэгъугъэмкІэ шынагъуэ гъэр щыІэмэ, и чэзум къэхутэным, - жиІащ КъБР-м уэзышагъэр хъумэнымкІэ и министр Хъубий Марат. - Іэщ1агъэлІхэм Іэмал яІэнущ уэндэгъугъэм зэрызиужьым нэхъ убзыхуауэ кІэлъыплъыну, хуей хъумэ, федеральнэ клиникэхэми къыщеІэзэну ягъэкІуэфынущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Гурызыгъаіуэ

Къулыкъумрэ лэжьыгъэмрэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ закон № 256-ФЗ-уэ 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыдэкІамкІэ 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым и 350-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтащ медицинэ лэжьакІуэхэм я Іэнатіэм екъэлІауэ. Щхьэтечу жыпІэмэ, а статьям 8-11-нэ Іыхьэхэр щІагъуащ.

АБЫХЭМ якъ иткІэ, къэрал е муниципальнэ медицинэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІу е абы и къуэдзэу лажьэ хъунур зи ныбжьыр илъэс 65-м щІимыгъуа цІыхухэрщ. Мыбдеж мыхьэнэ гуэри щІэжъыкІэм зращІыІла лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэм и пІалъэр зыхуэдизым. ИужькІэ а цІыхухэр нэгъуэщІ Іэнатіэ пэрагъэувэ хъунущ я Іэщ1агъэм елъытауэ. Дауи, зэрыарэзыр тхыгъэкІэ щІагъэбыдауэ щытмэ.

Медицинэ Іуэхущ1апІэм и Іэтащхьэм и къулыкъур зэрызэрихьэну пІалъэр и ныбжьыр илъэс 70-м нэскІэ (ауэ абы фІэмыкІыу) хуагъэІэпхъуэфынкІэ хъунущ. Апхуэдэ медицинэ Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм я зэхуэсым (конференцым) къызэрагъэлъэгъуам тещІыхьауэ абы унафэ тезыщІыхьыр а Іуэхущ1апІэр зейрщ.

Медицинэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэр е и къудамэм и унафэщІыр я къулыкъум щытетыну пІалъэр я ныбжьыр илъэс 70 ирикъуху яхуиГъэІэпхъуэфынущ медицинэ Іуэхущ1апІэм и Іэтащхьэм. А хабзэр а Іуэхущ1апІэм и уставым къыщыІэнъэгъэуэн хуейщ. Ауэ абы я ныбжьыр нэсамэ, а къулыкъущІэхэм иращыІлауэ щыта лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэм къару иІэжькъым.

Федеральнэ закон №255-ФЗ-уэ 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м къыдэкІам 2017 гъэм фокІадэм и 1-м къыщыщІэдзауэ зэхъуэкІыныгъэхэр яригъэгъуэтащ УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым и 5-нэ статьям. Абыхэм якъ иткІэ Кодексым щыщІыхьэхэм къару ямыІэжу къэзылытэфынур федеральнэ закон щхьэхуэхэм я закъуэщ.

Федеральнэ закон №139-ФЗ-м зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ хилъхьащ УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым балигъыпІэ имыува лэжьакІуэхэм екъэлІауэ къыщыкІуэ статьяхэм.

Щхьэтечу жыпІэмэ, зи ныбжьыр илъэс 14-м къыщыщІэдзауэ илъэс 15-м нэмысыр лэжьыгъэмрэ еджэнымрэ зэуэ щызэдимыльэ зэманым (псалъэм и хьэтыркІэ, гъэмахуэ каникулхэм) Іэнатіэ пэрытмэ, зэрылэжьэнур сыхьэти 4-м щІигъу хъунукъым. Илъэс 15-м щегъэжьауэ 16-м нэсым зи ныбжьыр хиубыдэжьм я лэжьэгъуэ зэманыр сыхьэти 5-м, 16-18-хэм итхэм - сыхьэти 7-м щигъэфыкъ.

Я ныбжьыр илъэс 14-м къыщыщІэдзауэ илъэс 16-м итхэр псоми я зэхуэдэ щІэныгъэ е Іэщ1агъэ къозыт куэдым ящІэнущ Іэхэам щІэсмэ икІи абы къыдэкІуэу лажьэмэ, я лэжьэгъуэ зэманыр сыхьэти 2,5-м, зи ныбжьыр илъэс 16-м къыщыщІэдзауэ илъэс 18-м итхэм я деж - сыхьэти 4-м щІигъу хъунукъым (УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым и 94-нэ статьяр).

Абы къыдэкІуэу Закон №139-ФЗ-м щыуфэзыхуащ зи ныбжьыр илъэс 15 ирикъуахэу школым къыщІэкІахэу нэгъуэщІ щыкІэкІэ щІэныгъэ ззэзыгъэгъуэтэн лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэ иращыІлІэ зэрыхъунур.

Апхуэдэу лэжьэгъуэ тхъэмахуэ зэхуакур тІу иращыкІ еджэгъуэ илъэс проц лажьэуэрэ езыхьэкІ балигъ ныкъуэхъум хуэгъэзауэ (УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым и 92-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэ).

Урысей Федерацэм и Федеральнэ закон №125-ФЗ-уэ 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м къыдэкІам зэхъуэкІныгъэхэр хилъхьащ УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым и 93-нэ статьям. Зэ епльыгъэкІэ статьяр зэрыщыту къэна хуэдэщ икІи абы жеІэ лэжьэгъуэ зэман иримыкъур (лэжьэгъуэ махуэ иримыкъур) лъэныкъуэхэм зэрызэгурыІуам тещІыхьауэ ягъэуву. Ауэ абы щІагъэжащ лэжьакІуэхэм ефІэкІныгъэ езыт нэгъуэщІхэри. Лэжьэгъуэ зэман иримыкъур ягъэув лэжьакІуэм къызэрезгъуеу, ауэ абы щхьэкІэ лъабжьэ щыІэн хуейщ. Лэжьэгъуэ зэманыр зыхуэдизыр, щыщатэзпсэхэр, махуэ къэс зрагъэкІын хуейкэр, лэжьыгъэм щыщІидзэнымрэ щиухынымрэ езы лэжьакІуэм и фІэфІныгъэм тещІыхьауэ ягъэув, дауи, лэжьыгъэ къезытым иІэ Іэмалхэм тещІыхьауэ.

А Федеральнэ закон дыдэм Лэжьыгъэ кодексым и 101-нэ статьяр зэрехъуэкІ. Абы ипкъ иткІэ, лэжьэгъуэ зэман иримыкъэкІэ Іэнатіэр езыхьэкІ лэжьакІуэм мардэ зимыІэ лэжьэгъуэ махуэ щыхуагъэув хъунур лэжьэгъуэ тхъэмахуэ иримыкъум теухуа зэгурыІуэныгъэ пльэныкъуэхэм зэрагъыІамэщ. Арыншамэ, мардэ зимыІэ лэжьэгъуэ махуэ ягъэувыну хабзэм къезэгъыркъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ансамбль цІэрыІуэм адыгэхэр къыпоплъэ

Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ. Адыгэ Республикэм гъатхэпэм и 8-м махуэщхуэ концерт щрагъэкІуэкІынущ. АР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ цІыхубэ къафэхэмкІэ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблымрэ абы япэу ирагъэблагъащ цІыхубэ къафэхэмкІэ Моисеев Игорь и цІэр зезыхьэ къэрал академическэ ансамбль щІэрыІуэр. Абы игъэзэщІэнущ «Льапэтет» адыгэ къафэр.

КОНЦЕРТЫМ зрезыгъэхьэлІэнуэм я пащхьэм балет цІэрыІуэм щигъэззэщІэнущ «Гаучо» аргентинэ къафэр (Іэхъуэхэм ейр), «День на корабле» флот сюитэм щыщ пычыгъэр, къалмыкъхэм я къафэр, нэгъуэщІхэри. Псом хэмыдэу пшыхьым кърихьэлІэнуэхэм щІэщыщІэу ящхьэкІыну къальытэ «Льапэтет» адыгэ къафэр.

Моисеев Игорь и цІэр зезыхьэ ансамблым и репертуарым «Льапэтет» адыгэ къафэр илъэс и пэкІэ хагъэхьащ. Мы зэманым ирихьэлІэгу гупым и программэм кавказ льэпкъхэм я къафэу хэтыр а зыращ. Ар зыгъэувар «Налмэс» ансамблым и художественнэ унафэщІ Хъуэжэ Аслъэнщ. КъыхэгъэщІапхъэщ, Урысейм и балетмейстерхэм ящыщу Моисеевым и цІэр зезыхьэ ансамбль пажэм далэжьэну зэкІэ зи кІэн къикІар абы зэризакъуэр.

- Гупыр дуней псом и къэфакІуэ нэхъыфІхэм ящыщщ. Фым я фІыжэр утыку иту пльагъуныр насыпышхуэщ икІи гуэр хэзыгъахъуэщ. Балетым и къэфакІуэхэм нэгъуэщІ щыпІэм зыкъыщагъэльэгъуэну гъуэгу тету Мейкъуапэ къыщыщэтеувыІэну аракъым, атІэ ди цІыхухэм я пащхьэм зыкъыщагъэльэгъуэну къедгъэблагъауэ аращ. - жеІэ Хъуэжэ Аслъэн.

«Льапэтет» къафэм хъыджэбз 12 хэтщ. Ар пліалэ зи бгъуагъ фэІув зи щІыпІмкІэ къытель пхъэ вакъэ льагэм тету ягъэзащІэ икІи езы хъафэкІуэр пхъэцІыч я щхьэ хуоуэж. Хъыджэбзэжэр утыку зэритыну фэилъхьэгъуэжэр идащ Адыгейм и Іэпщ1эльапщІэ Албэрды Заръ. Аэхэр къытрищІыкІащ инджьлиз зыпІэлъхьакІуэ Спенсер Эдмунд лъэпкъ фащэр зыщыгъ адыгэ пщащэр къыщигъэльэгъуэ грабюрэм.

АРЩЫДАН Дисэ.

● ЩІэблэ

Сабийхэм я нэкІэ

Урысейм тезырхэр егъэпшынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ1апІэу КъБР-м щыІэм и «Вулкан» къудамэм и лэжьакІуэхэм, хабзэ зэхуауэ, курыт школхэм я еджакІуэхэм драгъэкІуэкІ лЫгъэм и дерсхэр. Налшык къалэ дэт курыт еджапІэ №21-м я еджакІуэхэм папщІэ абыхэм къыззрагъэпэщащ «Спецназыр сабийхэм я нэкІэ» сурэт зэпеуэр.

НЭХЪЫЩІЭ, курыт, нэхъыжь класхэм щеджэхэм зэпеуэм кърахьэлІащ къэрэндащ зэмыфэгъэкІэ, псыкІэ зэхэщІа лэчкІэ ящІа сурэтхэр.

- Сабийхэр егуГуу елэжьащ сурэтхэм, спецназым къулыкъу щыпІэнэр мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуу къальытэри. ШколакІуэхэм яфІэгъэщІегъуэну щыгъуаз защІащ спецназым къулыкъур зэрыщрахьэкІым, лэжьакІуэхэм я къэнэхэр зыхуэдэм. Хэт ищІэрэ, а Іэщ1агъэр къыхэзыхьэн кьахэкІынкІэ хъунущ а еджакІуэхэм.

Лэжьыгъэ нэхъыфІхэр къыхахри, ар зи Іэдакъэщэкіхэм щІыхь тхылъхэмрэ медалхэмрэ ираташ.

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 10, *щІэбэт*

♦УФ-м щагъэлъапІэ дипломатие Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэр

♦Пушкин Александр и фэепль махуэщ. 1837 гъэм урыс усакІуэшхуэр дунейм ехьжащ.

♦1636 гъэм етур кьагупсысащ. Иджыпсту иІэ теплъэм хуэдэ етум щигъуэтар адыгэ щыгъуэщ, щыгъын ушкІымпІахэр зэрауэзжуж Іэмэпсымэхэр ди эрэм и пэ кьихуэуи щыІами.

♦1784 гъэм Урысейм и пащтых гуащэ Екатеринэ II унафэ ищ1ащ Кърымым щыІэ Ахтиар къалэм щыІэ кхъуэ тедзапІэм и цІэр Севастополь жиІэу зэрагъэуэкІыным теухуауэ. Альдыжьбзэкіэ абы «щыхьым и къалэ» къокІ.

♦1827 гъэм Петербург Дзэ-тенджы академие къыщызэрагъэпэщащ.

♦1931 гъэм Индием и щыхьэр хъуащ Нью-Дели къалэр.

♦1937 гъэм ССР-м Къафэмкіэ и къэрал ансамблыр, Моисеев Игорь зи унафэщІу щытар, къызэрагъэпэщащ.

♦1946 гъэм ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэр япэу хахащ.

♦2006 гъэм Турин (Италие) къыщызэІуахащ XX ЩІымахуэ Олимп джэгуэр. Ахэр мазаем и 26 щІондэ екІуэкІащ.

♦Кавказ Ищхьэрэ совет республикэм и гъэзэщІакІуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэщІу щыта **Куэцэ Пщымахуэ** къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.

♦Уэзщакіуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактору щыта, «Адыгэбзэ» тхыпІыр зэхэзыльхьа **Хъуран Батий** къызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, тхакІуэ, Нобель и саугъэтыр 1958 гъэм зрата **Пастернак Борис** къызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокъу.

♦Совет композитор-уэрэдус, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьгъэм и ЛІыхъужь **Блантер Матвей** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Совет еджагъэшхуэ, академик, Социалист Лэжьыгъэм щэнейрэ и ЛІыхъужь, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и президенту илъэс куэдкІэ щыта **Келдыш Мстислав** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Актёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Зельдин Владимир** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артист **Сонэ Мухьэрбий** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и агроном **Мысрокъуэ Беслъэн** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Кубаным щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Сэкий (КІарэ) Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦ТхакІуэ, журналист, детектив щІэрыІуэ куэд зи къалэмыпэм къыщІэкІа **Вайнер Георгий** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦ТхакІуэ, публицист, критик, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КъуэлІуфэ Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Дэхъу Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦ЖКылагъуэ лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ, псапащІэ **Едыдж Нихьаи** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык уфаэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусы 3 - 5, жащым 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 11, *тхъэмахуэ*

♦Сымаджэм и дунейпсо махуэщ

♦ЩІэныгъэм хэт бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Урысейм щагъэлъапІэ щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм я махуэр

♦Тутын емыфэным и урысейпсо махуэщ

♦Азербайджаным и налог къулыкъущІапІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Япониер къэралыгъуэ щхьэхуэ щыхъуэ махуэщ

♦1697 гъэм Пётр Езанэмэ щІидзащ Урысейм тутын щащэну хуит зыщІ унафэм.

♦1809 гъэм бахъэкІэ лажьэ кхъухь япэу зэрищІам щыхьэт техъуэ тхылъ хьратри, абыкІэ цІыхухэр зэришэныгъэ хуит яцІащ америкэ инженер **Фултон Роберт**.

♦1826 гъэм Лондон къалэм университет къыщызэІухыным теухуа унафэ къащтащ.

♦1829 гъэм цІыху къызэрыгъэгубжьахэм Тегеран щаукІащ урыс усакІуэ, драматург, дипломат **Грибоедов Александр**.

♦1928 гъэм Санкт-Мориц (Швейцарие) къыщызэІуахащ II ЩІымахуэ Олимп джэгуэр. Ахэр мазаем и 19 щІондэ екІуэкІащ.

♦1929 гъэм Ватикан къэрал щхьэхуэ хъуащ. Аращ дунейм щынэхъ цІыкІу дыдэ къэралыр.

♦США-м щыщ къэхутакІуэ цІэрыІуэ, фонографыр къэзыгупсыса, дуней псом къыщалъытэ зэхъуэкІныгъэхэр электротехникэм хэзылъхьа, США-м и дамыгъэ нэхъ лъапІэ щІадзэ - Конгрессым и Дышэ медаль - зэрыгъэфащІа **Эдисон Томас** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокъу.

♦Актёр, «СССР-м и цІыхубэ артист» цІэр япэу зыхуагъэфэщащэхэм ящыщ **Качалов Василий** къызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, уэрэджьІакІуэ, къэфакІуэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Орловэ Любовь** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦ЖылагъуэІ лэжьакІуэ, философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Унэж Кашиф** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Политик, къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжьыныкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щоджэн Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык уфаэ, къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1- 2, жэщым щІыІэр 1 градус щыхьэнущ.

Мазаем и 12, *блыщхьэ*

♦Іэ плъыжьым и дунейпсо махуэщ. Сабийхэр зауэхэм, лъыгъажэхэм хэтын хуей зэрыхъуэр, залымыгъэ зехьэным ирахуІэныр мыдэным хуэгъэпсауэ 2004 гъэ лъандэрэ ирагъэкІуэкІ.

♦1864 гъэм Москва зоопарк къыщызэІуахащ.

♦1908 гъэм дунейм щыяпэу Нью-Йорк къалэм щежьащ автомобилкІэ къызэдзкъуэрэ ЩІым и хуьреягъ гъуэгуанэр зэпызычыну мурад зыщІа гуп.

♦1929 гъэм Налшык щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ курорт хъуащ.

♦1943 гъэм Краснодар къалэр, Тимашевск, Кореновск щІынальэхэр Кавказ Ищхьэрэ фронтым и дзэхэм хуит къащІыжащ. Абыхэм щІэгъэкъуэнышхуэ яхуэхъуат партизанхэри.

♦1947 гъэм Приморскэ крайм, Сихотэ-Алинь щІынальэм, къыщыкъуэжащ вагъуэижьыпкъ (метеорит). Ар ехьм хуэдэхэм я нэхъ им дыдэт - и хьэлъагъэр тонн 70-м нэсырт.

♦1955 гъэм СССР-м и Министрэм я Советым унафэ къищтащ Байконур космодромыр ухуэным теухуауэ.

♦1957 гъэм Кавказ Ищхьэрэм щыяпэу Налшык телевиденэм лъжьэн щыщІидзащ.

♦1961 гъэм дунейм щыяпэу СССР-м «Венера-1» станцыр хьэрышм иутІыпщащ.

♦1979 гъэм Женевэ (Швейцарие) климатымкІэ япэ дунейпсо конференцым лэжьэн щыщІидзащ.

♦1994 гъэм Лиллехаммер (Норвегие) къыщызэІуахащ XVII ЩІымахуэ Олимп джэгуэр. Ахэр мазаем и 27-м иухащ.

♦2010 гъэм мазаем и 12 - 28-хэм Ванкувер (Канадэ) щекІуэкІащ XXI ЩІымахуэ Олимп джэгуэр.

♦США-м и 16-нэ президенту щыта, цІыхур ягъэпщкІуІу мыдэнэр хабзэу зыгъэува я лъэпкъ лЫхъужь **Линкольн Авраам** къызэралъхурэ илъэс 209-рэ ирокъу.

♦Польшэм щыщ революционер, адыгэхэм я псэуКІэр, я хабзэхэр зыджу щыта **Лапинский Теофил** къызэралъхурэ илъэси 191-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыпсэуа адыгэ тхакІуэ, дунейпсо литературэм и классикыгъэ лъытэ **Хъэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин)** къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦Дзэзешэ цІэрыІуэ, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь, маршал **Чуйков Василий** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэшэж Иннэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Уэрэджьакіуэ цІэрыІуэ, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ артист **Мэремыкъуэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щІыІэр градуси 2 -1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи нэмри укъыщигъапцІэ къохъу.

Япэ куржы чемпион

● Сумо

Куржым и премьер-министр Квирикашвили Георгий екъуэхъуащ сумомкІэ Японием и императорым и кубокыр къэзыхьа илъэс 31-рэ зи ныбжь Тотиносин (и цІэ дыдэр Горгадзе Леванщ).

«СИ ГУАПЭУ сохъуэжу Левани Куржы псоми мы текІуэныгъэмкІэ. Леван япэ куржыщ икІи Европэм щыещанэ спортсменщ Императорыи и кубокыр къэзыхьауэ», - итщ премьер-министрым и хъуэхъум.

Токио щыІэ ТАСС хъыбарегъащІэ Іэнатіэм къызэритамкІэ, щэбэт кІуам Горгадзе Леван Императорыи и кубокыр къихьащ. КІэух зэІущІэм хуэхаха зэманыр и кІэм нэмысу абы и хьэрхуэрэгъур хигъэщІащ. Зэхьэзэхуэм Тотиносин текІуэныгъэу 13 къыщихьащ, 1 къыщыхагъэщІащ. Нэхъапэ Іуэхущ1 Императорым и кубокыр къахьащ Болгариием щыщ Котоосюрэ (2008 гъэ), Эстониием икІа Барутэрэ (2012 гъэ).

ЗэрыщыкІу лъандэрэ щхьэзакъуэ бэнэныгъэхэмкІэ зызыгъасэ Горгадзе илъэс 16-м иту дзюдомкІэ Европэм и чемпионатым щытекІуащ. Илъэс дэкІри щІалэгъуалэм я европэпсо зэпеуэм пашэ щыхъуащ.

Куржы пелуанкІэ зэджэ сантиметри 192-рэ зи лъагагъ Горгадзе и хьэлъагъэр килограмми 170-рэ мэхъу. Сумомкіэ зэпеуэм и дивизион нэхъыщхьэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм щэнейрэ етІуанэ увыпІэр щиубыдащ, иджы Императорым и кубокышхуэр зыІэригъэхьащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Кавказ Ищхьэрэм и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр утыку къохьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэІуахащ Кавказ Ищхьэрэм и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я инновацэ проектхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

УТЫКУ къралъхьа лэжьыгъэхэм къызэщІаубыдэ Іуэху куэд: нанотехнологиехэр, медицинэм, мэкъумэш хозяйствэм, ухуэныгъэм, промышленностым, хьыбарегъащІэ технологиехэм, нэгъуэщІ Іэнатіэхэм къэхутэныгъэщІэхэр къызэрыщагъэсэбэпыр.

Гъэльэгъуэныгъэм хиубыдэу яубзыхунущ «Инновацэ проект нэхъыфІ», «Инновацэ лъжьыгъэ нэхъыфІ», «Инновацэ гупсысэ нэхъыфІ», «Проектыр гъэльэгъуэныгъэмкІэ нэхъыфІ», «Бизнес-мурад нэхъыфІ» номинацэхэмкІэ текІуахэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

(КІэухыр. ПэщІащэзэр №№16-17-хэм итщ).

КЕРТИС БИЛЛ ПЕППЕР

Леонардэ

Романым щыщ пычыгъуэхэр

Леонардэ къыдеджэ цІыкІуэр псори ицІыхурт, я цІэхэри ищІэрт. Абыхэм нэхъ иныІуэу яхэт Тониндж, Винчи лыщэм и къуэм, шэджагъуэ нэужькІи еджапІэм щрагъэкІуэкІ джэгухэм ущытекІуэну гугъут. ДжэгукІэхэр щы хъурт - ужэрэ улъэныр, кІапсэ гъмрым дэпщеинымрэ бэнэнымрэ. Леонардэ псомкІи ятекІуэрт, япэ махуэм бэнэнкІэ къыщыхагъэщІар къомыльытэмэ.

Абы щыгъуэ лыщэм и къуэр тридзат и лъакъуэхэм кІыеІэри, щІалэ цІыкІум ищІэртэкъым щыбанэкІэ бгым ищІагъкІэ уеІэбыхьну ухуимыту. Пщыхэщцхъэм Чекка я бэнэкІэ лІэужьыгъуэм Іэмал зэхьащІхьэу хэлъхэр кьригъэлъэгъуа нэужь, етІуанэ махуэм, хэт абы кьыпэщІэмыувами, псори тридзащ. Тридзэкункіи, кьеплъхэр кьыззщІэвуэрт, кьехъуапсэрэ кьефбгуъэрэ кьыпхуэмыщІэу.

Тониндж къигубжьат, Леонардэ ар кьыщцыхитэщІам. А махуэм класс псор щыту жриІащ: «УмыпІащІэ... Сэ нобэ уи кІэтІийр пхуэзпысчынщ...«

Щэджагъуэм щІалэ цІыкІуэр зэхуэсащ, Тониндэрэ Леонардэрэ зэрызэбенынуэ еплъыну. Дыгъэм и гуащІэгъуэт. ДыгъэмкІэ хэзгъэзауэ щыт Леонардэ и нэхэр, зэрыхуэмыгъаплъэр къэзылъэгъуа Тониндж, абы тІым хуэдэу жьэхэлъэри, ириудащ. КъыкІэлъыкІуэу зыкъыщидзым, Леонардэ абы и щхьэр фиубыдыкІри и дамэмкІэ щхьэпридзащ. Лыщэм и къуэ щІалэ пІащэ цІыкІур хьэлъэу щытехуэм, Леонардэ ар нэхъри иригулІащ щІым. Апхуэдэу щытекІуэм, зэрыхагъэщІамрэ щІалэ цІыкІуэм я Іэгуаэмрэ хуэзэхьыбэжри, Тониндж къигубжьапауэ: «Уэ, зинэкІэ укъалъхуауэ утумэщ!»

Леонардэ «тумэ» псалъэм къикІыр ищІэрт, ауэ ар псэущхьэхэрт зыхужАІэу зэхихари:

- Сэ сыпсэущхьэкъым, - жиІащ.

- Сыпсэущхьэкъым, жи! Сэ псэущхьэ Іэзэу къесхуэкІрэ? Уэ утумащ, жьэІэ, зинэкІэ укъалъхуауэ!.. Фэ ар зэхэфащхъ? - жиІэри Тонино а тІур къэзыухъуреихьауэ щыт и классгъэхэм захуигъэзащ.

Абы къыдэщІэжм, «пІытхъсытхъ» жаІэу хэпырхъэу, щІэдыхьэшхыкІыу щІадзащ. Лыщэм и къуэр, бэлэрыгъауэ щытым еІунщІри, щыкІэнэшэу пыдыхьэшхыкІащ.

- Сыту ущухьэнщІэуэ-тІэ уэ! Винчи дэс псоми ящІэ уэ зинэкІэ укъызэралъхуар, уэзрытумэр - щхьэхуимытым укъызэрилъхуар... Аракъэ Іэзэхур зэрыщытыр? - хуеплъэкІащ ар къэзыукъреихьахэм.

ЩІалэ цІыкІухэм, щыхьэт техъуэу, я щхьэр щащІым, Тонини аргуэру щІыкІейуэ щыпыдыхьэшхыкІым:

- Сэ си анэр фэ псом нэхърэ нэхьыфІщ, - жиІащ Леонардэ пагэу. - Абы и адэр, сэ си адэшхуэр - шэрджэс пщышхуэщ, фымыльэгъуам хуэдиз щІыпэ шырэ иІэу, тенджыз ФІыцІэм Іусу мэпсэу.

- Дауэ мыхъуами, абы уи анэр ищажащ щхьэхуимытым хуэдэу.

- Ар си адэшхуэракъым зыщэжар. Абы кьишэжа щхьэгъуэзбаджэм, си адэшхуэр къэту, ищажащ... ИкІи си анэр иджы унэІутКІым. Ар иджыпсту щхьэхуитщ икІи и лІым и гъусэу Кампэ Зеппи щопсэу.

- Щхьэхуимытхэр лъэш хуэдэу яІщ. Уи анэм и лыжьыр нэгъуэщІ адакъэм Іэщцыхьащ, уэ уи адэм абы кьыІэпхуэны зыхуеяр кьыІэпхуа нэужькІэ?!.. Хьэхьэ-хьэ-хьа!..

- Хьэуэ, хьэуэ! - Леонардэ кІийуэ Тонино эридзащ.

- Литературэр, абы хуэлэжьэныр, тхакІуэу ущытыныр пщІэ пылъу гъэззщІэн хуей къалэныщхъуэ щІыхум кьыдалъхуу кьыхсщохъу, пщэрыльэ инуи кьызолъытэ. ЦІыхухэр, фІым, дахагъэм, сэбэпынагъ зыпылъ Іуэху щхьэпэ лэжьыным кьыхуигъэушын хуейщ абы. НэгъуэщІ зы лъэныкъуэщ ди тхакІуэ, усакІуэ псоми я ІэрыкІым и мыхьэнэр кьагурыІуэ-кьагурымыІуэр, пэлъэщ-пэмыльэщыр. Зи къалэмыпІэ тхыгъэ гъэщІэгъэнхэр кьыщІэкІыну цІыхубэр зыщыгугъыр зэрыбдаум хуэдэу тхэн хуейщ зэрыжаІэр пэжщ. Зы Іуэхущ прозэр - купщІэ хъарзынэ зиІэ зы тхыгъэ къэбгъэщІын папщІэ акъылым и заКъуэкъым узыхуейр, шыІэныгъэ пхэлъытпхъэщ, зэман куэдкІэ абы упэрызыгъэсыфын щытыкІэ уиІэн хуейщ. Акъылыр игъэлэжьэну, игъэгупсысэну аращ прозэ тхыгъэр кьыхъуихуигъэщІыр. Мыдрейуэ поэзиер - ар цІыхугум, цІыхупсэм лъэІэсын хуейщ жьпІэнэри, зыри жумыІэхъэнри зыщ. Уэ езым уи гурыгъу-гурыщІэр щІэджыкІакІуэм зыхеБгъэщІэнырэ, езыхэм я псэм дахагъэр, лъагъэнырэ, нэгъуэщІ гурыщІэхэри кьыщыбгъэушынырэ уи къалэнщ.

Чэнджащ сыхуейуэ, е ауэ сытми жаІэр сфІэгъэщІэгъуэну махуэ къэс сызэрхъуэу си стІолыщхьэм телъ зэпыт философие тхылъхэм

● ДифI догъэлъапIэ

Лондон щыпсэу адыгэ бзылъхугъэ цIэрыIуэ

Лондон щыпсэу адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм, Дуней псом я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, Сочэ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа EтIуанэ дунейпсо кинофестивалымрэ SIFFA киносаугъэтымрэ къызэзыгъэпэща икIи абы и президент хъуа, литературэмрэ кинематографиемкIэ дунейпсо саугъэтхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща, зи киносценарийхэмрэ художественэ фильмхэмрэ дунейпсо кинофестивалхэм я дамыгъэ нэхъыщхьэхэр зыхуагъэфащэ усакIуэ, эдэзэкIакIуэ, журналист, продюсер, ЩIДАА-м и академик Бэлагъы Любэ Хьэрэтэлий и пхъум и ныбжьыр мазаем и 7-м илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ.

Бэлагъы Любэ

БЭЛАГЪЫ Любэ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм 1968 гъэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, ар Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым щеджащ икIи и кандидат лэжьыгъэр абы щыпхигъэкIащ. Профессор Надьярныс Нинэ и нэIэ щIэту Бэлагъым итхащ «Хэхэс адыгэхэм я литературэр» монографиер икIи и доктор диссертацэр Урысейм ЩэныгъэхэмкIэ и академием щыпхигъэкIащ. Бэлагъыр щеджащ Оксфордым фильм техныкIэ щыIэ къудамэми. Ар щылэжьащ Лъэпкъ щIэныгъэхэмкIэ Москва щыIэ институтым.

Литературэмрэ щэнхабзэмкIэ дунейпсо саугъэтхэм я лауреат зыбжанэрэ хъуа Бэлагъым и тхыгъэхэм адыгэ тхыдэм увыпIэфI щауфыд. ЩIэныгъэ, литературэ журнал зэмылIэужьыгъуэхэм къытехуащ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа публицистикэ, щIэныгъэ лэжьыгъэ 60-м щIигъу. Апхуэдэхэщ Горький Максим и цIэр зэрихьэу Дунейпсо литературэхэмкIэ институтым, ЩIыуэпс, щэнхабзэ хъуГуэфIыгъуэхэмкIэ, культурологиемкIэ РАН-м и институтым я щIэныгъэ къыдэкIыгъэхэр. Инджылызым и кьалащхьэм дэт SOAS университетым кавказоведенэмкIэ (адыгабзэ, адыгэ литературэ, адыгэ философие) и къудамэм инджылызыбзэкIэ щригъэджащ. Ар жыджэру хэтщ анэдэлъхубзэр хъумэным, зегъэужьыным теухуа дунейпсо конференцэхм. Бэлагъы Любэ «ЩIэплъыпIэ» альманахым и редактор нэхъыщхьэщ. Абы къызэрегъэпэщ литературэмкIэ, макъамэмкIэ дунейпсо зэпеуэхэм я къэпщытакIуэ гупхэр. 2014 гъэм макъамэмкIэ Лондон щекIуэкIа «Альбионым и вагъуэхэр» зэхьэзэхуэм, 2012 гъэм Монакэ щыIа «МелыIыч» дунейпсо кинофестивалым я къэпщытакIуэ гупхэми хэтащ.

Любэ и ныбжьыр илъэсий хъууэ арат и сабий усэхэр район газетым къытехуэ щыхъуам. Абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым тхакIуэ ныбжьыщIэхэм папщIэ иригъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм и саугъэтыр. Апхуэдэу «Адыгэ псалъэ» газетымрэ Дунейпсо Адыгэ фондымрэ я саугъэтхэми я лауреатщ. Бэлагъым и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ хьэлэмэт куэд, усэу тха романхэр, литературэ тхыгъэ щхьэхуэхэр. «Къудамээ закъуэ» зыфIища, Лермонтов Михаил хуэгъэза усэр зи пэублэ и апэ тхылъыр 1991 гъэм дунейм къытехьащ. Ар тхылъ тедзапIэм усакIуэм щиIуам и ныбжьыр илъэс 16 къудейт зэрыхъур. Абы къыкIэлъыкIуащ и усэ тхылъ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ «Мывэ сэрей» (1997 гъэ), «Дыгъэм и гъуэгу» (2000 гъэ), «Сэ Тхьэ сызэрелъэIур адыгэбзэщ» (2002 гъэ), «ГъэунэхуплI» (2008 гъэ), «Гуащэнэ» (2005 гъэ), «Царская любовь» (Москва, 2007 гъэ), «Уиндзэр и уэшх щхьэфэхэр» (2015 гъэ) тхылъхэр, нэгъэщIэхэри. Любэ Лондон щыпсэуа илъэсхэм ихта, иужьрей илъэсипщым и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр щызэхуэхьаса «Сэ Тхьэ сызэрелъэIур адыгэбзэщ» тхылъым папщIэ «Дунейм и цIыху» щIыхьыцIэр къыфIащащ. Хамэ къэрал куэдым щызэбгрыдза хъуа адыгэхэм я дамыгъэ хъуащ а къыдэкIыгъуэр. А лэжьыгъэр Бэлагъым и дежкIэ лъапIэ дыдэщ, усакIуэм и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ цIыхухэм, фIыуэ илъагъу и лъэпкъэгъуэхэм ятеухуащи. Абы и усэхэр урысыбзэкIи, инджылызыбзэкIи, хьэрпыбзэкIи зэрадзэкIащ. И тхылъхэр къыщыдзэкIащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Великобританиемрэ, Чехиемрэ, Испаниемрэ, Тыркуем, Иорданиемрэ, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум хьихьэ нэгъуэщI къэралхэт. Любэ и усэхэм лъагъуныгъэри, философиери, лъэпкъ тхыдэри щызэхэзухэнащ.

- Бэлагъы Любэ хуабжьу ещхьщ и усэхэм. Абыхэм къыхощ Къармэхьэблэ къэбэрдей жылэжьым къыщалъхуа пащащэм и гурыщIэ куухэр. УсакIуэм щыгъуаззэ дыхуещI зыми емыщхь и лъэпкъ дахэм къикIуа ГъэзугуанэI гугъум, дуней псом тепхъауэ псэу адыгэхэм я гукъеуэхэм, псэукIэм. Хамэ щIынальэм щыпсэу усакIуэр Къэбэрдеим хуозэщ, ар зэи щыгъупщэркъым, абы иопщIыхь. И адэ-анэм, и дэлъхуэхэм яхуитха усэхэм Любэ сабиигъуэм яшэж, псэкIэ фIыуэ илъагъуэхэм тхьэ яхуолъэIу. Адыгэ бзылъхугъэм и гурылъхэр зэм Iэфщ, зэми дыджщ, - жеIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

Ди республикэм, Урысейм я мыхьэкъуэу, Бэлагъым и усэхэр хамэ къэралхэми хэIущIыIу щыхьащ. Псом хуэмыдэу ахэр адыгэхэм нэхъ тпэгъунэгъущ. Любэ и усэхэм куууэ къыщигъэлъэгъуащ и лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэ къабзэр. Аращ адыгэм къыдекIуэкI хъугъэфIыгъуэхэр тхъумэну тхылъеджэхэр дыкъыщыхуриджэри. А псом къыдэкIуэу Любэ и усэбзэр щIэщыгъуэщ, удэзыхьэхщ.

- Дэнэ щIыпIэ сыщыпсэуну къыслхуихуами, адыгабзэкIэ сытхэн зэи щызгъэтакъым. Ар къызыхэкIыр, дауи, сыщалъхуа хэкум сызэрыхуэзэшрагъэнщ. Сыщыадыгэ усакIуэкIэ, сыкъызыхэкIа лъэпкъым и макъэу сыщыщыстыкIэ, абы сытетын хуейуэ къызолъытэ. Дуней псом щызэбгрыдза хъуа си лъэпкъэгъуэр къэрал 54-м зэрыщыпсэур адыгэм и тхыдэм щыщ Iыхьэщ. XI лъащIыгъуэм къыщыщIэдзауэ ди лъэпкъыр зэпымыууэ Iэпхъуэшапхъуэм, зауэхэм хэтащ. ЗыплъыхьакIуэ щIыналъэ куэдым - Тыркум, Сирием, Израилым, Европэм хьихьэ къэрал зыбжанэм - сыщыIэну къыщысхуихуэм, хамэ щIыпIэхэм къыщалъхуа хэхэс адыгэхэм я гъащIэм щыгъуаззэ сыхъуащ. Жагъуэ сщымихъуу къанэртэкъым абыхэм щыгъуаззэ сыкIэкIаеу зэрызэмылъытэжыр. Ауэ, щыIэщ литературэм, макъамэм, щэнхабзэм, гъуазджэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщIа хэхэс адыгэхэри. Къыздалъхуахэм, си лъэпкъэгъуэхэм, хэкум сыхуэзэщ зэпытми, адыгэбзэкIэ усэ стхын зэрыщIзмыгъэтыр насыпышхуэу къызолъытэ, - жеIэ Любэ.

Бзылъхугъэм IэщIыб ищIыркъым тхыдэмрэ Iэрыпсатэмрэ. Грозный Иван, пащтыхь гуащэ Марие, нарт гуащэ Сэтэней сымэ я деж къыщыщIэдзауэ иджыредэ цIыхубзым и шыфэлIыфэмрэ и дунеймрэ зи тхыгъэхэм щызэфIэувэ Любэ и гуащIэр инщ.

«Гуащэнэ» роман-драмэм къытращIыкIа спектаклыр Лондон урысибзэкIэ щагъэлъэгъуащ. Ар теухуащ пащтыхь гуащэ, адыгэ хъыджэбз Марие (Гуащэнэ) и гъащIэм, XVI лIащIыгъуэм Москва къэралыгъуэмрэ къэбэрдеипщымрэ яку дэлъа зэхущытыкIэхэм, пащтыхь Иван IV-мрэ (Грозный) абы етIуанэ щхьэгъусэ хуэхъуа Мариерэ зэрызэдзэсэуам.

- Си тхыгъэр зытеухуа лъэхъэнэм ехьэлIа архив дэфтэрэхр къэзгъэсбэпурэ, лIыхъыжь нэхъыщхьэр - илъэс 15-м иту Урыс къэралыгъуэм и пащтыхь гуащэ хъуа Марие - и хьэл-щэнхэр, илъэс 460-рэ и пэкIэ урысхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпыщIэныгъэм щIэдзапIэ зэрыхуэхъуар, тхыдэр къэзгъэлъэгъуэжащ. А псом къыдэкIуэу Марие си нэгу къызэрыщIыхьахэр си лэжьыгъэм хэзгъэхьащ. Ар апхуэдизу спэгъунэгъу зэрыхьуар гъэщIэгъунэщ, - пеща Бэлагъы Любэ.

«Гуащэнэ» спектаклым и режиссёрыр Турчанинов Дмитрийщ. ГъэшI Иван и ролыр акIтёр цIэрыIуэ, радиом и лжьакIуэ Хилл Олег (лэжьыгъэр ягъэувыныр зи жэрдэмри аращ), пащтыхь гуащэ Марие и ролыр Сиринэ Еленэ, митрополит Макарий и образыр Сидорчик Олег сымэ ягъэзэщIащ. Артистхэм къаIыса ролхэр хъарзынэу къехьулIащ. Сценарийр режиссёр, тхакIуэ Къандур Мухьэдин итхащ, макъамэм елэжьар Къандур Алимщ.

«Любэ зэрыжиIамкIэ, спектаклыр ягъэувыныш зэманышхуэрэ къару инрэ трагъэкIуэдащ. Ар япэу утыку къыщархьам цIыху цIэрыIуэ куэд кърихьэлIащ. Псом хуэмыдэу Бэлагъым гуапэ щыхъащ спектаклым ехъулIэныгъэ ин къызэрыпэкIуар, абы еплъэхэм ар къехъулIауэ къызэралъытар, ягу зэрыдыхьар, Урысейм, адыгэ лъэпкъым я тхыдэм, я щэнхабзэм зыхагъэгъуэзэну Iэмал зэрагIар, зэхуэсахэм гъащIэм и лъапIэныгъэхэр - лъагъуныгъэр, зэгурыIуэныгъэр я нэгу зэрыщIэкIар, адыгэ хъыджэбзым и хьэл-щэн дахэхэр тельъыджэ зэращыхъуар. Дакъыкъэ 45-рэ хъу теплъэгъуэр иджы Великобританиеи и кьалэшхуэхэм, Урысейм щагъэлъэгъуэну я мурадщ.

НэхъапэлъуэкIэ пащтыхь гуащэ Марие щIэныгъэ бгъэдэмылъу, гъэсэныгъэ имылIу ятхами, зэрытлъагъущи, Любэ и лэжьыгъэм къыхощ ар щIэныгъэ зиIэ, уэркъ хабзэм тету гъэсэныгъэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъа адыгэ хъыджэбзу зэрыщытар. Романыр инджылызыбзэрэ урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ Урысеймрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ къыщыдзэкIащ. Лондон и газетхэмрэ журналхэмрэ спектаклым теухуа тхыгъэхэр къытрадзащ, лэжьыгъэм и фIагъыр къалъытащ, псалъэ гуапэхэр хужаIащ.

Иджыблагъэ Сочэ къалэм щекIуэкIа дунейпсо кинофестивалым и нэгзыужь программэм хихьэу утыку кърахьащ Бэлагъы Любэ и «Гуащэнэ» драмэм къытращIыкIа спектаклыр.

Фильм зыбжанэм я продюсерщ Бэлагъы Любэ. Апхуэдэхэщ дунейпсо саугъэтхэ зыхуагъэфэща «Пленница гор» (Урысей - Великобритание, 2004 гъэ), «Ангел» статуэткэр зыльагъэса «Черкес» (Урысей - Иордание, 2010 гъэ), «Любовь на фэйсбуке» (2013 гъэ), «THE SCENT OF INFINITY» (Лондон, 2015 гъэ) лэжьыгъэхэр. 2010 гъэм Монакэ щекIуэкIа «МелыIыч» дунейпсо кинофестивалым Бэлагъым «Продюсер нэхъыфI» щIыхьыцIэр къыщыхуагъэфэщащ. ИльэситхуэдэкIри а зэхьэхьэ дыдэм «Драмэ нэхъыфI» дамыгъэр къыщратащ, и киносценарийм папщIэ.

Бэлагъым и сценарийр зи лъабжьэ «Уэркъ пщащэ щIэпхъуэжар» зи фIэщыгъэцIэ фильм трахащ. Лэжьыгъэм и продюсер хъуари езы Бэлагъыращ. Абы зи гугъу щищIыр Москва и мелуанырыбжэхэм 90 гъэхэм я псэукIарщ. Фильмым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, лIыхъужь нэхъыщхьэр мелуанырыбжэм ипхъу щхьэкIэ, абы и псэр тыншкъым, загъэкъым.

Любэ къуитI - Алимрэ Къаздбэчрэ - иIэщ. Абы и щхьэгъусэ тхакIуэ, режиссёр, продюсер, сценарист, макъамэтх Iззэ Къандур Мухьэдин Иорданием къыщалъхуащ икIи дуней псом щыпсэу адыгэ куэдым яцIыху. Адыгэ унагъуэ дахэр дэсщ инджылыз паштыхь гуащэм и хэщIапIэ Уиндзэр къалэм. Я къуэ Алим ныбжьыкIэ щалэмэи, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат, скрипач цIэрыIуэ хъущ. Яэныкъуэхэр абы зэреджэр адыгэ Паганиниущ. Абы къызэригъэпэщащ «Къандур» скрипкэ квартетыр. Къазбэч щоджэ Лондон дэт Харроу школ нэхъыфIым. Ар къаухащ Черчилль Уинстон, Байрон Джордж, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэ куэдым.

Къандур зэщхьэгъусэхэм лэжьыгъэ куэд зэдащIэ. Къапщтэмэ, Мухьэдин и «Легенда» романыр зэзыдзэкIар Любэщ. «Золотой орёл» киносаугъэтыр зыхуэфащэу къагъэлъэгъуа «Потерянная в Чечне» фильмми ахэр зэделажьащ. Мухьэдин фильмым и режиссёр, сценарист хъущ, макъамэр хуитащ. Лажьыгъэм и продюсерщ Бэлагъы Любэщ. Зэщхьэгъусэхэр фильмым гугъу дехьами, ар гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ ящыхьащ. КъищынэмыщIауэ, Любэ и «Сэтэней» поэмэм Мухьэдин квартетрэ триорэ хуитащ. Бэлагъым фIыуэ илъагъу а макъамэр, къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу, Москва и консерваторэм 1999 гъэм щагъэззэщIауэ щытащ.

И унагъуэкIи и лэжьыгъэкIи адыгэ бзылъхугъэ цIэрыIуэр адэкIи ефIэкIуэну дохъуэхъу!

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Усыгъэхэр

Сэ уэрэдым...

* * *

Сэ уэрэдым сегъэгъыф иджыри...
Сегъэгъыфыр уэшхыр къызэрешхым,
Сегъэгъыфыр дыгъэр къызэрепсым,
МукIытэжу си Iэпкъльэпкъыр зэсэм.

Сэ иджыри сегъэгъыфыр мазэм,
Къыщиувэм деж уафэгум гъуаззу,
Дапхуэдизу лъагэми и закъуэщ
Мазэ ныкъуэм... Ар си дежкIэ наIуэщ.

Сэ иджыри сегъэгъыфыр уэсым,
Абы и хужьыкIэм зимыхъуэжу...
ЩIым зришэкIауэ зыщигъэткIукIэ
Лъагъуныгъэм уощIэр и гуащIагъэр.

Сэ иджыри сегъэгъыфыр псалъэм,
Ар къзэутIыпщам сыхуейщ
и пщалъэм
Зэ ипльэгъуэ закъуэкIэ сыщыму
Зэрычэжыр си гум ибзыщыну.

Сэ иджыри сегъэгъыфыр жьыбгъэр
ЗэрызекIуэ щIыкIэм и унафэм,
Жыгъэм щыгъуэвкIэ мыIэсу
Мы дунейр зэрихьэкIащ нэгъуэщIу.
УщрихьэлIэжкъым уэшхым дэгъи...

Си анэ

Мыгъэрей щIымахуэр сыту пасэ...
Уэсыр дуней кIыхьым щымысхьа.
СыщIигъэнэщхьейр сымыщIэу,
нэпсыр
Си нэхэм аргуэру къыщIихуащ...

Си гум сыт къигъэкIыр мы
щIымахуэм,
Си псэр зэрикъузыр сымыбзыщI.
Изогъэщхь и щхьэщым ар си анэм...
Сэ аргуэру сызэрыхамэщIащ...

И макъ щтэIэщтаблэм сегъэхьщIэ,
Ар къызэрыспэплъэм сеуэзщI -
Тхьэм къыщыхуелъэIукIэ,
Сэ сымыщIэ, бегъымбар -
Си анэм и нэмыщI!

Ар мыхъуами схуэмыщынут махуэ,
Жэщым пщыхьэпIэфI
къыслъимыхьэнт,
Игу си ужьым итым къысхуэсакъыу,
Нэхъ хъумакIуэ пэжи симыIэнт!

Ауэ мы щIымахуэм сегъэхыщIэ,
СызэригъэпIыщIэр нэхъыбзэщ...
Си Тхьэ, бегъымбару къэбгъэщIахэм
Си сэ анэ закъуэри хэбжэж...

Къару гуэр

Гуауэ щIыIэр си Iэпкъльэпкъым щызу,
Иджы сегъэдий, щыжьысIэм деж, -
Сигу планэпэм, къыздикIар сымыщIэу,
Къыщыунэху къарум сегъэхуэбэж.

Сынэщхьейуэ, си щхьэр къехуэхауэ,
СыздэкIуэн сымыщIэу сыщежьам, -
ЦIыху къызблэкIхэм, хуейми ирехамэ,
Сыщагъэпщкlу гупсысэ къызэжам.

СIэщIагъэху - шэч лъэпкъ
къытезмыхьэжу
ЗэрыхэкIуэдам а гупым ар,
Си гуи си щхьи иджы зэмыбгъэжу,
Хамэ сщохъу бампIэ сезыхужьар.

Хуейми ирещIылъэ, иреуафэ,
Сэ сыцIыхуу сыкъэзыгъэщIам,
КъысхуищIауэ къыщIэкIынщ унафэ
Сыпсэуну, сыт сIэщIэмыщIам.

СщIэркъым и хэщIапIэр, сфIощIыр
хуарэу
А гупсысэ дамэ зратар, -
Дэнэ щIыпIэ си лъэр нэзмыхусми
Ныскlэлъэсри, хуэдэу нэлъэтам.

Жэщым нэху къызэрытещхьэм
хуэдэу,
Щигъэщыжу нэху, щыункIыфIым гур,
Гуауэр си щIыIагъыр пIэщIиуду,
Гугъэ и цIэу щыIэщ къару гуэр.

Насыпыр сщIэртэкъым зищIысыр,
А псалъэр куэдрэ зэхэсхат.
И дыщэ уэшхым бжьыхьэ кIасэм,
Макъамэ IэфI къызиIуэкIат.

Ауэ зэгуэр къиIуар тхьэкIумэм,
Гъэпщкlуауэ псэм пхуэзрихьар,
Къыпхуэхъуэжьынтэкъым гъащIэ
тыншкIэ,
Иужь дапхуэдэу уимытам.

Зэгуэр къызжепIэм - насыпыншэ
СыпщIащ, си гъащIэр щхьэ уэспхат?
Зэгуэр сэ бжесIэм - насыпыншэ
СыпщIащ, си гъащIэр щхьэ уэспхат?..

И мыхьэнэр кIуэдынщ уэсэпсым,
Къабзагъэр ткIуэпсым къыпыткIунщ,
Псы цIыкIу ежэхым и нэпсыкIэр
ЩIиутхыкIынщ, зиухыжынщ.

СымыщIэ пэтми и пэжьыпIэр,
И мыхьэнэр си гъащIэ кIуэм,
Насыпым сэ тездзащ Iэпапlэ,
СIыгъащ ар хуэдэу мафIэ ткIум.

Къымыгъэззжу щымыгуэм,
Гум зыхищIэнур зыхищIам,
Сыпхьэу ба хуэощIыр гугъэм,
ХуэощIыр фIыщIэ сIэщIэкIам...

Къыслхуехь усэщIэ

Къыслхуехь усэщIэ гу гупсысэм,
ГъащIэщIэ си бгъэм къыщоунэху,
Жагъуэгъум илъ зэпытми и сэр,
Ар гъэунэхуплIащ, ар мыIуэху!

Си щхьэщым хэтщ иджыри фIыщIэ,
Иджыри си гур гугъэм пылъщ.
Сыбгъэдэтакъым зыми нэпцIу,
СыщIэплъэу и нэм хэти соплъ.

Зы закъуэкIи солъэIур си псэм, -
Нэр есхьэкIыну схуимыух.
МазэщIэм хуэдэу къабзэ усэм
Си гум и щэхуу хъуар ецIыху...

* * *

Ерагъыу хэслъэгъукI си гъуэгур
СфIыщIотIысыкIыр мы дунейм...
Мэззш, мэузыр згъэпщкIым си гур,
Узахуэу пIэрэ-тIэ, ухейм?!

Бзэ щымыIэжыр си масталъэу,
Дыжэну усэр къызоджэж.
Псэ закъуэрщ згъэутри Iэпхъуалъэу,
Абыи гъущIыгъэ хэмылъыж.

Уо, дуненишхуэ, уэ си нитIыр
Уи гъуджэу къыщIыспкъырыплъхьар
Къыщыгъуныуэр сыкъыщеджэрщ
Уи хъэтI си натIэм къратхам.

* * *

СыкъэкIуэжащ. Уэрамыр зэвщ.
СыкъащIыхужжьым зыми...
Дунейм цIыху зэрытетыр зэщ,
Зэ закъуэщ, дауэ пщIыми.

Си пащхьэм бжэр къыщIыхуащIыж,
ДапIытIэ жыпIэу лъапэр.
Аргуэру си щхьэр Iузохыж
Псыф мащIэ къэхъуу напэр.

«ЦIыхубз нэщхъей, сыт уи уэрэд?!» -
Къызжаlэ хуэдэщ блэкIхэм.
ЖызоIэр сэри си гум: «Куэдщ
ЖыпIар уэрэду, кхъыIэ...»

Дызэгуроlуэри дожьэж,
ДрокIуэр бжьыхьэм лъапцIэу,
А щIыIэм лъэгур зэщIегъэж,
Гум щIыхьэу, сыкъэмпцIэм.

Полъэлъыр тхьэмпэхэри зэ
Сапходэ1ykIыр щыму:
«Тхьэм къариатщ абыхэм псэ
Си усэр къагъэщIыну».

Бэлагъы Любэ хужаIа псалъэ гуапэхэр

«1990 гъэхэм я гугъу тщIымэ, Кавказ Ищхьэрэм и усакIуэхэм кахолыдыкI Бэлагъы Любэ. Анэдэлъхубзэмрэ хэкумрэ яхуиIэ лъагъуныгъэр къызэриIуатэ псалъэхэр щэрыуэщ, купщIафIэщ» *(Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым и правлензм и унафэщI* **Ганичев Валерий***).*

«КъызыхэкIа лъэпкъым и блэкIамрэ абы и лъабжьэр къыщежьэмрэ псэкIэ зыхищIэну дауэ къехъулIэрэ мы бзылъхугъэ щIалэм икIи щыпкъэм? Дэнэ кърихрэ къару лъэщкIэ гъэнщIа, тегушхуэныгъэ ин зыхэлъ и псалъэ щэрыуэхэмрэ гупсысэ купщIафIэхэмрэ... Жыпlэ хъунущ, япэIуэкIэ ита классикхэм хаша лъагъуэм Бэлагъы Любэ ирикIуэу. Ар усакIуэ тельыджащ» *(УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и апэ секретарь* **Ляпин Игорь,** *2002 гъэ).*

«Гу къабзэрэ псэ къулейрэ зиIэ цIыхум дуней псор хузэIухащ. Апхуэдэщ Бэлагъы Любэ. Ар усакIуэ Iэзэщ, зи псалъэмкIэ лъагъуныгъэри гугъуехьри зыхозыгъэщIэфщ» *(Балъкъэр усакIуэ* **Моттаевэ Светланэ,** *2004 гъэ).*

Бэлагъы Любэ и «Гуащэнэ» романыр (урысыбзэкIэ щызэрадзэкIым «Царская любовь» фIэщыгъэр игъэтащ) щIэщыгъуэщ. Сэ сызэрелъыжмкIэ, тхыгъэм абы щызэфIигъэуващ адыгэ лъэпкъым и гъащIэ щIэнгъуаззэр *(усакIуэ, критик* **Переяслов Николай***).*

«Иджыри къыздэсым щымыIа Iуэху еплъыкIэхэм тету урыс пащтыхь цIэрыIуэ Иван и зэманыр зэфIигъэувэжыну яужь ихьащ Бэлагъы Любэ и тхыгъэщIэ «Гуащэнэмкlэ». Дэ шэч къытетхьэркъым лъэпкъ тхылъеджэхэм ар ягу, я псэ зэрыдыхьэным. Апхуэдэ тхыгъэ купщIафIэщ лъэпкъым и цIыхуэр куэд щIауэ зыпэплъэри, щыгъуаззэ зызыхуащIыну я нэ къызыхуикIри» *(профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор* **ХьэкIуащэ Андрей***).*

УФ-м щэнхабзэмрэ цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и министр Соколов Александррэ Къандур зэщхьэгъусэхэмрэ. *2008 гъэ*

Лондон щекIуэкI зэхьхьэм хэтхэм Бэлагъы Любэ адыгэхэм я гугъу яхуещI.

Переделкинэ щыIэ тхакIуэхэм я унэм щызэхуэсащ. КIыщокъуэ Алим, абы и щхьэгъусэр, Къандур Мухьэдинрэ Любэрэ. *2001 гъэ*

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

● Псалъэжьхэр

Уи щIыб къэбгъазэмэ - дыгъужь

♦Блэр зыгъэхуэбжьым йоуэ.
♦Дыгъужьыр и нэр жейми, и гур жейкъым.
♦Ныбгъуэр бгъасэми, хьэсэр и плъапIэщ.
♦Бадзэ къытепкIэм, и шхулъэр йопкI.
♦Дыгъужь пэтрэ и гъунэгъу едыгъуркъым.
♦Къопсалъэмэ - бажэ, уи щIыб къэбгъазэмэ - дыгъужь.
♦ЩIыкIым и лъакъуэ мэкъутэ.
♦Абы нэхърэ хьэм нэхъ укIытэ иIэщ.
♦И бзэм бажэр гъуэмбым къреш.
♦Уеплъмэ - дахэщ, зэгуэпхмэ - банэщ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэ зауэлIыр къекIуэлIэжащ.
Сурэтыр **Зичи Михай** *ищIащ. 1853 гъэ*

● Фэ фщIэрэ?

Шабзэхуегъэхь

Цыщышхуэ. Лэжьыгъэм, Iэщ гъэхъуным ехьэлIауэ адыгэхэм ирагъэкIуэкIыу щыта Iэхуэгъуэщ. Цыщышхуэ щащIыр мэлыр гъэмахуэ хъупIэхэм кърахужа нэужьыт.

Цыщыр пIэпкъым хуэфI махуэ гуэрым ирагъэхьэлIэрти щIыхьэху ящIырт. Ар махуэ зыбжанэкIэ щекIуэкI щыIэт. Цыщым щхьэхуэу зыхуагъэхьэзырырт: махъсымэ чейкIэ ящIырт, Iэщышхуэ якIырт, шхын щIэщыгъуэхэр ящIэфIырт. Цыщыр зэфIэкIа нэужь ефэ-ешэ ящIыжырт, абы хыхьэрт «цыщ щыгъажэкIэ» зэджэри, нэгъуэщI нэгузегъэужь Iуэхугъуэхэри.

Чэрэчэ. Гуаэм, нэщхъеягъуэм ехьэлIауэ къагъэсэбэпу щыта псалъэщ. Быи, анэхъилъху имыIэу хэкIуэдэжа цIыхум къыщIэна мылъку, щIэин мыхьэнэ иIэщ.

Чэтихьэж. Лэжьыгъэм, Iэщ гъэхъуным ехьэлIауэ адыгэхэм яIа хабзэщ. Гъэмахуэ хъупIэхэм къикIыжу мэл хъушэр чэтым кърахулIэжа нэужь, лагъупэжым махъсымэ яригъэщIырт, мэл иригъэукIыртри адрей Iэщыхъуэжр къиригъэблагъэрт икIи игъэхъуахъуэрт. А хабзэм «чэтихьэжкIэ» еджэрт.

Чеяфэ. Пасэ зэманым адыгэхэр дзейуэ зэгухьэурэ Iэхуэ (псалъэм папщIэ, вэн, сэн, гъавэ Iухьижьи, мэкъу еуэн, н.къ.) зэдащIэрт. Лэжьыгъэр яуха нэужь дзейм хэта псоми я унагъуэхэм махъсымэ ирагъэщIырти, чэзууэ абыхэм щефэхэрт, щешхэхэрт, щыхъуахъуэхэрт. Махъсымэр нэхъ мащIэ мыхъуу чейкIэ ягъэхьэзырт. Аращ апхуэдэ дауэдапщэм и цIэри къызытекIар.

Чыбжьэ. Фызышэм деж лъэс хэгъэрейхэм къагъэсэбэпу щыта баш кIыхь, и щхьэм деж фIэгъэнапIэ иIэу. Фызышэ къэкIуа шухэм бэлэрыгъа къахэкIмэ, хэгъэрейхэм ящыщ гуэрхэм апхуэдэкIэ абы и пыIэр къыщхьэрихырт. ЧыбжьэкIэ шум къыщхьэраха пыIэр ар зыхуэзэфIэкIам къыхуэнэрт. ПыIэр Iахьыжьыр хабзэм къиубыдыртэкъым.

Шабзэхуегъэхь. Зауэм ехьэлIауэ адыгэхэм ягъэзащIэу щыта хабзэщ. Къуаншагъэ, лей къытрагъэхьэу къыщIэкIауэ нэгъуэщI лъэпкъхэм зауэ щращIыкIэнум деж, адыгэхэм апхуэдэхэм шабзэ хурагъэхьу щытащ. АбыкIэадыгэхэрэлъэпкъыбзэрезэуэнумкIэ хъыбар иригъащIэу арат. А хабзэм «шабзэхуегъэхькIэ» еджэу щытащ.

ШэджагъуэтIыс. Лэжьыгъэм, жылагъуэ зэхэтыкIэм епха псалъэщ. Адыгэхэр гуп-гупурэ зэгъуэзу вэуэ, сэуэ, мэкъу еуэу, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри ягъэзащIэу щытащ. Лэжьыгъэр зэпагъэуэрэ зэгъусэуэри зэгъэпсэхурт, шхэрт. Мис апхуэдэхэм ящыщ зым «шэджагъуэтIыскIэ» еджэрт.

Шэрихьэт суд. Жылагъуэ зэхэтыкIэм хеймрэ мысэмрэ зэрызэхагъэкIыу щытам ехьэлIа терминщ.

Хэхауэ шэрихьэт суд адыгэхэм я деж щыIэу щытакъым. Ипэм щыгъуэ суд ящIэну хуиту къуажэ хэсэ лIищ щыхахырт, ефэндыр яхэту. Ахэр пщIэ лей зыхуащI, дуней и пIалъэ зыщIэ цIыху Iущхэт. Ахэрат адыгэ хабзэкIи, шэрихьэт хабзэкIи суд зыщIэр. Ёзы зддауитIым къыхахырт судыр зэрырагъэщIэну хабзэр. Iуэхур зэрызэхагъэкIымрэ тезыр зэрытралъхьэмрэ шэрихьэт хабзэмкIэ зэфIахмэ, абы «шэрихьэт судкIэ» еджэрт.

Шэсыжьбжьэ*. Адыгэ нысашэм, хьэгъуэлIыгъуэм, хьэщIэ гъэхьэщIэкIэм епха хабзэщ. ЖьэщIэхэр щежьэжкIэ, ахэр Iуэгуэнэ дахэ, узынщэ теувэжыну нэхъыжьыр мэхъуахъуэри, иужь дыдэу бжьэ зэдофэжхэр. Абы «шэсыжьбжьэкIэ» йоджэ.

ДУМЭН Хьэсэн.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1**. ЩIы къиуда. **5**. Адыгэ шхыныгъуэ - хугу хьэжыгъэм, тхъум, фошыгъум къыхэщIыкIауэ. **7**. Адыгэ щIалэ, Бразилием щекIуэкIа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщIэзыхьа. **10**. Уи щхьэ мыузым ... къыумышэкI. **11**. Ди гъунэгъу щIалэм и ... къикIащ - университет нэужьым лэжьапIэфI къигуэтащ. **12**. ... гъущэрылърэ фыз игъэплъа лIырэ. **13**. ... вы бжьаныгъэм къокI. **14**. Мывэ блын бгы задэ. **15**. Кбыщокъуэ Алим и роман «Нап ...». **16**. А ерыскъыр Къурэм тхылъ лъапIэм и щхьэм теплъхьэми мэхъу. **17**. Абы дыгъужьыр фIэбэлацэщ. **18**. Письмо, газет хуэдэхэр здашэ, щызэбгращ Iэхуэщ1апIэ. **20**. Махуэщ1э. **22**. Уэс зытемылъ щIы щхьэфэ тещтыкIа. **24**. ЗэгъунэгъуитI зэщхьхьам язым жеIэ: «ПцIы къыстеплъхьэу ... къомыхь». **25**. Жэмхэр зрагъафэ «пивэ». **29**. Бжэгу кIыхь, къурыкъу, и зы кIапэм фIэгъэнапIэ иIэу. **30**. Бгы екъинпIэ задэ. **31**. Илъэсищым ит шыщIэхъу мыгъасэ. **34**. Нартхэм я фадэр абы къыхащIыкIыу щытащ. **35**. Зи бзэр кIуэдыжа адыгэ лъэпкъ. **36**. Ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **37**. Къаза хъум, гуэгушыхъум я бгъэм тет лы Iупщ1э. **38**. Бын. **39**. Пасэрей адыгэ хьыбарегъащIэ. **40**. ЦIыху ... цIыху уасэ хон. **41**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **42**. Зы илъэс, илъэситIым ит шыщIэ. **44**. ГъущIхэкI, дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэу. **46**. Пхъэ удэшхуэ.

Къехьу: **2**. Щ1одждэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта, Абхъаз Республикэм и цIыхубэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист. **3**. Адыгэ бзылъхугъэ, уэрэджыIакIуэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и артистка. **4**. Диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис тхьаIуху. **5**. Удзыжь: ужьхэсуамэ, зыкъыпкIэрищIэнущ. **6**. Бгыщхьэм къыщыхьейуэ, шынагъуэу кьеукIуриех уэс. **8**. Чейм и «бгырыпх». **9**. Ди республикэм щыщ къалэ. **19**. Унэгуащэр мэтхьэусыхэ: «Ахъшэ тIэкIу дзэдзыхар къэслъыхъужьэрэ ... сыхъуащ». **20**. ЕгъэджакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Къамбий ... **21**. ГъущI ... зиIэ гъущI мастэ щ1ощIэ. **23**. НапIэзыпIэ. **26**. ЦIыхуу мелуан 200-м щIигъу щыпсэу мусПымэн къэрал. **27**. ХакIуитI зы бо ... **28**. Мылъкуанэ. **32**. Къэралым и щIыналъэр щиух щIыпIэ. **33**. УсакIуэ, сабийхэм папщIэ къыдэкI «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ. **43**. Танэ мэжэлIам и ... макъ къэIуау. **45**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ щыIэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЕкIуэкIыу: **1**. ПщIащэ. **3**. Адрыщ1. **6**. Иризгъэкъунщ. **8**. Пъэпщ. **9**. Псы. **10**. Йофэ. **13**. Налъэ. **14**. Урыху. **18**. Пъэгудыгъуэ. **20**. КIэ. **21**. Гур. **22**. Псынабэ. **27**. Даур. **28**. Бжэн. **30**. Лэгъуп. **32**. Щыщ. **33**. Хьэрш. **35**. Вагъэбдзумэ. **36**. Нысэгъу. **37**. Нэмэз.

Къехьу: **1**. Пхъэгуть. **2**. Щ1эращ. **4**. Дунай. **5**. ЩIыунэ. **7**. Гъаэз. **11**. Iупхьэ. **12**. Гурыгъу. **13**. Нэ. **15**. Хугу. **16**. Iуданэ. **17**. ШкIэ. **19**. Къру. **23**. Сеул. **24**. Бажэ. **25**. Уд. **26**. Хъун. **29**. ЩIыIуб. **30**. Лашын. **31**. Пшапэ. **33**. ХьэмкIэ. **34**. Шэрэз.

Уи щIыб къэбгъазэмэ - дыгъужь

Адыгэ зауэлIыр къекIуэлIэжащ.
Сурэтыр **Зичи Михай** *ищIащ. 1853 гъэ*

МэжэщIалIагъэм дыкъызэрелар

(Си гъащIэм щыщ теплъэгъуэ)

● Дэ къытхуатх

Ди адэр, пцIы къытралъхьэри илъэсипщIкIэ ягъэтIысат. Ди анэм и закъуэ бынитху диплIэн хуейуэ дыкъыхуэнат. Зэманыр гуГъут, цIыхухэм я ныбэ изу шхэну Iэмал иIэтэкъым. Къэралым игъэувА налогри ятын хуейуэ къыпаубыдырти, я щхьэр здахьынур ямыщIэжу къэнат. ГубГъуэ лэжьыгъэ хьэлъэр зэрыщыту зи фэ дэкIыр щыхуэхэрат. ДыгъэР къыщIэмыкI щIыкIэ дэкIэхэрти, пшапэр зэхэуауэт я унэ щекIуэлIэжкыр.

ХъумакIуэхэр (бзэгузехьэкIэ едэжэт абыхэм цIыхухэр) къащхьэщыту, бэуэгъуэ ирамыт жьыхуаIэм хуэздэу, махуэ псом ягъэлажьэрт. Абы щыгъуэми зыщIакъуэж гъавэм щыщ Iэмыщ1э е эы нартыху кIэчан къащтэнкIэ зы Iэмал щыIэтэкъым. Занщ1эу бзэгу яхьынурэ, удрагъэшынут. Зы нартыху кIэчан щхьэкIэ, судыщIэ Iэхуи хэмыту, илъэс къыптралъхьэнурэ тутнакъым урадзэнут.

Ди анэм унэ хадэм нартыху тIэкIу хисэрт, гъэшыфIэу зы бжэн цIыкIу диIэти, унагъуэр махуэ къэс ди ныбэ изу дымышхэфми, абыхэм бжьуэлIыкIыртэкъым.

Бжьыхьэр и кIэм нэблагъэрт, дунейми нэхъ щIыIэ зыкъыщIат. Махуэ гуэрым школым сыкIуэу, абы щыгъуэ еханэ классым сыщеджэрт, зы лыжьк Iуэр къыскIэлъыджащ:

- А цIыкIу, къэувыIэт зэ, - жиIэри.

СыкъызэплъэкIмэ, губгъуэм илъ гъавэр зыхъумэ хъумакIуэхэм ящыщ зыт.

- Школыр зэкIэ хьифIэдзи губгъуэм нихьэ, витI зэщIэщIэ уэстынщи лажьэ. ЦIыхум къыдачыж нартыхур пщыIэм къепшэхьыурэ, гъавэ хъумапIэм епшэлIэнщ. Фшхын гуэри къыфэхъуэнщ, - къызжиIащ абы.

СыкъэкIуэжри ар ди анэм жеслэжащ.

- Сабийм унагъуэ пIыныр дауэ уи пщэ дэслъхьэну, - жиIэри ди анэр гъащ.

А зэманым си къуэш нэхъыжьыр армэм щыхуагъасэу Прохладнэ яшауэ къэтт, хъыджэбзищыр цIыкIут. Ди анэр нэху щыхукIэ абы егупсысащ, арщхьэкIэ нэгъуэщI зэхIыпIэ щыIэтэкъыми, арэзы хъуащ губгъуэм сыдэкIыну.

Арати, зы мазэ хэдэ нэхъ сымыIэжьауэ, хъумакIуэхэм ящыщ плъжьитIым зыщIыпIэ зызагъашэ. Сэ гъуэгур сцIыхуртэкъыми, абыхэм къыхэжаIэмкIэ выхэр сунэтIырт. Пшапэ зэхэуэгъуэхэм дэж Тырныауэ къалэм дыдэкIри, губгъуэшхэу гуэрым дихьащ. Абдежым плъжьитIым выгур къызагъэгъэувыIэри, Iэхуу гуэрхэр яIэу жаIэри IукIащ. КъэкIуэжыну хэчущ жыслэурэ зыкъомрэ сежьащ. КIыфIи хъуащ, дунейми нэхъ щIыIэ зыкъыщIащ. ЩIымыхъужьым, витIыр щIэстIыкIри суГIыщащ, сэри гу пщIанэм сигъуэлъхьащ. Сабий еэзшар икIи мэжэлIар куэд дэмыкIыуи сыIуригъащ.

Пщэдджьыжь нэхулъэм сыкъызэщIоу, щIыIэм сису. Жэщым уэсрэ уэшхрэ зэщIэту къехати, псыфIыбзэ сыхъуат. Хуэмурэ сыкъызэфIэувэри, зыкъзэгъэхуэбжьын си гуГъэу, гум ихьуреягъыр къэзжьыхьащ. АрщхьэкIэ щыгГъын псыфIыр пщыгГъыу укъэхуэбжьынт, щIыIэ техьэгГъуэм сиубыдауэ сыкIэзызырт. Ауэрэ дыгГъэри къыдэкIуэтеящ, сэри витIыр щIэсщIэжри, гГъэгу дыкъызэрыкIуам сытеувэжащ.

Щэджагъуэ ЖьэкIыфI ЪуауэI, витIыр езэшати, сыкъэувыIэри ахэр щIэстIыкIащ, гум и кIапэм деж есПхри сэ и лъабжьэм сыкIэщIэгъуэлъхьащ. Аргуэру сыIурихащ. Сыкъыщыушам нэм къыщIэIэбэр умыльагъуу кIыфIт. Адэ-мыдэкIэ макъ гуэрхэр къИукIырт. Гу кIапэмкIэ сыкIуэмэ, витIыр щытыжькъым. Абдежым сыкъэгузэвэпащ: гъуэгум и зы лъэныкъуэр нартыху хьэсэти, абы хыхьамэ, мы кIыфIым къэгъуэтыжыгъуафIэ хъунутэкъым, адрей лъэныкъуэмкIэ къуэ куушхуэ екIуэкIырти, удэхуамэ, укъызэрыдэкIыжьифыр щыIэтэкъым. Сытми, я Iэуэлъауэ макъ гуэр зыхэсхыну пIэрэ жысIэри, гъэгум сызэрытемыкIыным сыхуэкъыуэрэ сызэдрикIуэм, Алыхъым сыкъиужэгъуэгъэнтэкъыми, витIри хьэсэбгъум Iуту къэзгъэтэжащ. Нэхулъэр къыщэкIещитхьыу гур зэщIэсщIэжри сыкъежьэжащ.

СыкъакIуэурэ зы лы гуэр шым тесу сыкъыхуозэ.

- Дэнэ щыIэ уи гъусэр? - сызэризакъуэр игъэщIагъуэу къызэупщIащ ар.

- Зыри си гъусэкъым, - жысIэри си Iэхур къызэрекIуэкIар хуэсIуэтэжащ.

- ПщыIэ сызытесыр жьыжьэкъым, накIуэ, тIэкIуи ушхэщ икIи зыбгъэхуэбжьынщи, итIанэ уи гъуэгум пыпщэжынщ, - жеIэ лIым.

СыхиГъэзыхьыпэу къэзэлъэIуа щхьэкIэ, аргуэрыжьу сызыIууэнри тхьэм ещIэ жысIэри, сыкъэкIуакъым. Абдеж сыщежьэну къызжиIэри, лIыр IукIыжащ.

Къэд дэмыкIыуи абы къигъэзэжащ лы гъэва зыхэлъ лэпс пщтырпэ чыржьын ныкъуэрэ иIыгГъуэ. Выхэр щIитIыкIри, абыхэми шхын тIэкIу яритащ.

ИужькIэ выгур схуэзащIэжри, гъуэгум сыкъытригъэувэжащ. ЖэщитI-махуитIкIэ сыкъэтауэ, ди анэм сабийр кIуэдащ жиIэу гъыуэ щысу, унэм сыкъекIуэлIэжауэ щытащ.

Махуэ гуэрым нартыху къыдачар къессэхьыу, лэжьапIэ сызыгъэува хъумакIуэр къысхуэзащ. Гур сунэщIа нэужь нартыху самэ зэтекIуатэхэр зыхэлъ щIыпIэхэм ящыщ зым деж секIуэлIэжыну къызжиIэри, IукIыжащ. Куэд дэмыкIыуи абдеж дыщызэхуэзэжащ. Плъжьим (и теплъэкIэ Iэчлъэчышхуэт), нартыху самэм матэр щIигъалъэурэ, си гум изу кърилъхьащ, удз тIэкIу и щхьэм къытридзэкри зыкъыхсуигъэзащ:

- Хьэсэм ухэкIыжа нэужь, мо бгитI зэхуакумкIэ ныдэкIи абдеж гъуэгум ущытехьэжкIэ къъувдIэ, - жиIэри.

ЗэрыжиIам хуэдэу сыкъакIуэурэ къуажэкIэ дыхьэпIэм деж сыкъыщыувыIащ. Нартыхур здесшэпIэнум теухуауэ зы псалъэ къызжиIакъым, зыгуэрым абдежым сыкъыщыубыдмэ, игъащIэкIэ сисыну тутнакъым срадзэнущи согузавэ. Сытми лIыжьыр къоср:

- Иджы мы гъуэгум тету ныдэкIуей, - жеIэри Iуегъэзыкъыжьэ.

А гъуэгум сытету сыкъакIуэурэ ди унэ сыкъекIуэлIэжащ. КъызэдикIари къысхуэмыщIэу, езы лIыжьэри зэуэ къэсащ. Шым къелъэри, чы набжэр Iуихащ, псынщIэу дзэгъахьэну унафэ къысхуищIурэ. Ди анэр, къэхъуар къыгурымIуэу, гузэвауэ, къыдоплъри щытщ. Выгур хадэмкIэ ирешэри, мо лIы Iэчлъэчышхуэм ар егъэпкIри, нартыхур кърегъэпъэлъэ, «Мыбы ищIэр сыт?» - жьгIэу ди анэри сэри деплъу.

- Иджы мыр здэпхьынур пщIэрэ? - къызэупщI ар.

- Хьэуэ, - жызоIэ сыIэнкуну.

- Мис мы нартыху бзий зэупсеяхэм кIэщIэкIуэтэ, къэнар зэпэллимэу мащэ къэтIи, абы илъхьэ, и щхьэм ятIэ текIуэтэж, - жеIэри, шым мэшэсри дожьж.

Ди анэмрэ сэрэ нэху щыхукIэ а нартыху тIэкIур зыхуэИ хуэдгъэзащ. Абы унагъуэр мэжэщIалIагъэм дыкъригъэлащ.

ЩАУЭ Къарней.
Къамылыкъуэ къуажэ

Ху мэжаджэплъ

Шэ гъэпщтар дзэху пщалъэ иракIэ, шыгъу хадзэри зэIащIэ. Абы ху хьэжьыгъэ ухуэнщIар мащIэ-мащIэуэрэ закIутэуэрэ бэлагъкIэ япщ, къяркуэ хэмылъу. Бахъэ пщтырыр ягъакIуэри, абы зэIащIэуэрэ халъхьэ джэдыкIэ кугуэ уда, гуэдз хьэжьигъэ ираудри тхъэвыр хьэзыр хъуху IэкIэ япщ. Тхъэв пщам зыгуэр трапIэри дакъикъэ 40-45-кIэ щIыIапIэм щагъэт, IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ.

Хьэзыр хъуа тхъэвыр тхъу зыщIыхуа тебэшхуэм иракIэ имыз дыдэуи, и щхьэр захуэ ящI. Тхъэвым и щхьэм щахуэ джэдыкIэ кугуэ уда, шху. Тебащхьэр трапIэ, жьэгум ирагъэувэри хьэзыр хъуху ягъажьэ. Мэжаджэ жьар хьэкум кърахыжри тIэкIу ягъэдий.

Мэжаджэ зэпагъэжар гъуэжь дахэу, мэ гуакIуэ къыхихыу щытщ. Яшх хуабэу, шху, шэ, шатэ и гъусэу.

Хальхьэхэр (цIыхуитI Іыхьэ): ху хьэжьигъэу - г 1000,
шэуэ - г 600,
гуэдз хьэжьигъэу - г 80,
джэдыкIэ кугъуэу - 5,
тхъууэ е кIапэ дагъэ тебэщыхуэу - г 30,
шхуэ, шыгъуу - зыхуейм хуэдиз.

IупщIэурэ гъэжьа къэб

Къэбыр IупщIэ-IупщIэурэ зэгъауд, хьэлъагъыр г 100-150-рэ хъууэ. Жьлэр кърах, тебэм иралъхьэ, и фэр къыдэгъэзеиуэ хьэкулъэм ирагъэувэри дакъикъэ 40-50 хуэдизкIэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъуркIэ.

Къэбым сэ е гуахъуэ хаIури, щабэу хыхьэмэ ар жьащ. Къэб жьар тепщэным ирагъахьэ и фэр егъэзыхауэ. Іэнэм щхьэхуэу ша е шатэ трагъэувэ.

Хальхьэхэр (цIыхуитI Іыхьэ): къэбу - г 1000, шэуэ е шатэу - зыухуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Псалъэзэблэдз

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыдэж Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэI - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 42-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Iэтезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня**, *редактору* **Жылаесэ Заурбэч**, *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.117 ● Заказ №124